Псалъэ гуапэхэмкIэ захуегъазэ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Шэшэн сурэтыщIым и гупсысэхэр

4-нэ нап.

Адыгагъэр зепхьэну гугъукъым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№139 (24.889) ● 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщlэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ ибoтхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



Дзыхь нэхъыбэу хуащI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ ФIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэмкIэ щIыпIэ фондым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурият.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. Иужьрей илъэситхум фондым и хэхъуэр хуэдэ 1,4-кIэ бэгъуащ. Республикэм щыщу страхованэр зыфIэкъабылхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхуэ зытримыгъахуэу, лэжьапIэ Iумыт цIыхухэм медицинэ страхованэм и пщIэр яхурет. Абы и фIыгъэкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм и уасэр яIэрохьэ.

Илъэситхум кърихубыдэу, ФIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэмкIэ щIыпIэ фондым и мылъкур щIыналъэм хуэдэ 1,6-кIэ щыбэгъуащ, 2025 гъэм ар сом мелард 15,4-м нэсащ.

Гъунэгъу щIыналъэхэм къикIа цIыхухэм кIуэ пэтми нэхъыбэрэ республикэм ит медицинэ IуэхущIапIэхэм зыхуагъазэ. Мазибгъум и кIуэцIкIэ сымаджэхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэж къудамэми, аллергологие, иммунологие, хирургие, гу-лъынтхуэ хирургие къудамэхэми нэгъуэщIхэми цIыху мин 35-рэ екIуэлIащ.

Фондым, зэпыу имыIэу, страхованэ зызыщIахэм ялъысыпхъэр яIэрегъэхьэ, икIэщIыпIэкIэ къэпсалъэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Зи хьэкъымрэ хуитыныгъэмрэ зыхъумэж цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къыщалъыхъуэкIэ, ФIэкIыпIэншагъэ медицинэ страхованэмкIэ фондым и лэжьыгъэ зэтеухуам дзыхь нэхъыбэ хуащIын щIадзащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэм и махуэмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм йохъуэхъу

ЩэкIуэгъуэм и 19-м Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэм и махуэр. Ди къэралым и Президентым и жэрдэмкIэ махуэщIыр УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм 2021 гъэм игъэуващ. Ар гъэлъэпIэныр трагъэхуащ урыс еджагъэшхуэ икIи узэщIакIуэ, Москва къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэ Ломоносов Михаил Василий и къуэр къыщалъхуа махуэм.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэмрэ доцентхэмрэ, егъэджакIуэхэмрэ ассистентхэмрэ. ЩIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щIалэгъуалэр гъэсэным фэ хуэфщI хэлъхьэныгъэр инщ. Дэ ди гум илъщ дезыгъэджахэр икIи мызэ-мытIэу къыдогъэсэбэп ди студент лъэхъэнэм щыгъуэ абыхэм къыдата щIэныгъэхэр. «ЕгъэджакIуэфIхэр диIащ дэ», - псалъэхэр щIэх-щIэхыурэ зэхыдох. ИпэжыпIэкIэ, егъэджакIуэм, ар щIэныгъэм зэрыдихьэхым, бгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ и нэIэм щIэтхэм гукIи псэкIи зэрадэгуашэм, и псэ къулеягъэм мыхьэнэшхуэ яIэщ студентхэм IэщIагъэлI нэс къахэкIынымкIэ.

Дауи, щIалэгъуалэм и гупсысэр тэмэму зэтеувэнымкIи, Хэкум ифI, и зыужьыныгъэ зыхэлъ Iуэхугъуэхэр гукъыдэж яIэу ягъэзэщIэнымкIи фэ фи псалъэм къаруушхуэ хэлъщ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэм и махуэм дэ къыдогъэлъагъуэ а IэнатIэр езыхьэкIхэм яхуэтщI пщIэр зэрылъагэр, гулъытэр зэрыиныр.

Си фIэщ мэхъу къэралым, ди республикэм я зыужьыныгъэм, IэщIагъэлIхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ, технологие, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр адэкIи гъэбыдэнымкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм яIэ мыхьэнэм хэхъуэ зэпыту зэрыщытынур.

ФIыщIэ ин фхузощI унэтIыныгъэ куэду зэхэлъ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэрывгъэзащIэм папщIэ, еджапIэ нэхъыщхьэ IэнатIэм игъащIэ лъандэрэ къыщекIуэкI хабзэфIхэр зэрыфхъумэм, абыхэм зэрыхэвгъахъуэм щхьэкIэ.

ЕхъулIэныгъэщIэхэр фиIэну, фIыгъуэ куэд къывэуэлIэну си гуапэщ!

КъэкIуэну илъэсищым тещIыхьауэ

КъБР-м и Парламентым щэкIуэгъуэм и 18-м щедэIуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2026, 2027, 2028 гъэхэм тещIыхьауэ» проектым.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, депутатхэр, республикэм и министерствэхэм, къалэ округхэмрэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм, республикэм и медицинэ, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Жанатаев Сэлим зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ законопроектым нэхъ ипэIуэкIэ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм зэрыщытепсэлъыхьар, гу зылъытапхъэу къагъэлъэгъуахэм КъБР-м и Правительствэм и гъусэу елэжьу, дэфтэрым и япэ еджэгъуэр щэкIуэгъуэм и 27-м къызэращтэнур.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр щIыналъэм и бюджетыр нықъусаныгъэншэу зэхэдгъэувэнырщ, республикэм и экономикэр зэпIэзэрыту иIыгъыу, цIыхухэм я псэукIэр иригъэфIакIуэу, - къыхигъэщащ Жанатаевым. - Законопроектым къыщылъытащ ди щыIэкIэ-псэукIэм зэрызиужьынури, цIыхубэм зэрызыщIагъэкъуэнури, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым ехьэлIауэ къэрал пщэрылъхэр зэрыдгъэзэщIэнури. Мылажьэхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэншэу хузэфIахыныр къызэгъэпэщыным сом меларди 5,6-рэ республикэ бюджетым хухех. ЩIыналъэ ахъшэр сыт щыгъуи хуэдэу егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ я Iуэхухэр пщIэншэу къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ щытыпхъэщ. 2026 гъэм гулъытэ хэха яIэнущ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнми. Япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр къэдгъэлъэгъуэн, унафэ тэмэм къэтщтэн папщIэщ щIыналъэ унафэщIхэр, муниципалитетхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр нобэ зэгъусэу мы дэфтэрым дыщыIэхэплъэр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр 2026 гъэм, 2027-2028 гъэхэм зыхуэдэну къагъэлъагъуэм. Абы жиIащ дэфтэрыр, зэрыхабзэу, IыхьитIу зэрызэхагъэувар, зыхунэсынумрэ абы щIрагъэгъуфыну къалъытэмрэ тещIыхьауэ.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм и экономикэм 2025 гъэми ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъэгъуэнущ. «КъызэрытпщытамкIэ, щIыналъэм къилэжьар сом мелард 370,2-рэ хъунущ. Промышленностми хэхъуэ иIэщ - республикэм езым къыщIигъэкIыу хьэпшып ирашар сом мелард 80,4-рэ и уасэнущ, - къыхигъэщащ Рахаевым. - Республикэм и экономикэм дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу щытщ мэкъумэш IэнатIэр. Абы сом меларди 126,7-рэ къитынущ, сатум - сом мелард 376-рэ, ухуэныгъэм - сом мелард 47,9-рэ, инвестицэ Iуэхухэм - сом мелард 86,0-рэ. Зи гугъу тщIы пIалъэм и кIэм, 2028 гъэм ирихьэлIэу, щIыналъэм и хэхъуэр процент 41,8-кIэ ефIэкIуэну, сом мелард 531-м ар нэсыну худогъэфащэ».

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, лэжьапIэншагъэр нэхъ мащIэ мэхъу - апхуэдэхэм я бжыгъэр мин 14,8-м нэс ехынущ. 2028 гъэм и кIэм лэжьапIэншэхэр проценти 3,2-м нэблэгъэнущ, апхуэдэу ятхыр процент 0,5-рэ хъуну хуагъэфащэ. ЦIыхум я хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъунми гулъытэ игъуэтынущ. Улахуэ тыным сом мелард 71,6-м хухахынущ, мазэм ику ит лэжьапщIэр сом 51 619-м нэсынущ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ жиIащ мы гъэм япэу федеральнэ бюджетым къыхэкIыу щIыналъэхэм яхуиутIыпщыр бюджетым и япэ еджэгъуэм зэрыщагъэбелджылар. КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэм дотацэхэр зыхуэдэнури мы зэманым зэхагъэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэу сом мелард 24,7-рэ къыхуаутIыпщынущ, ар дызэрыт илъэсым хухахам нэхърэ сом меларди 2,2-кIэ нэхъыбэщ. 2027 гъэм дотацэхэр сом мелард 18,5-рэ, 2028 гъэм - сом мелард 19,7-рэ хъунущ.

- 2026 гъэм налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ республикэм къыхуахьынущ сом мелард 24,8-рэ. 2027 гъэм - сом мелард 26,3-рэ, 2028 гъэм - сом мелард 27,7-рэ. Субсидие ахъшэр хуэгъэзауэ щытынущ узыншагъэр хъумэным и IуэхущIапIэхэр, курыт школхэр зыхуей хуэгъэзэным, онкодиспансерым и ухуэныгъэр и кIэм нэгъэсыным, мэкъумэшыщIэхэм защIэгъэкъуэным, автомобиль гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр къуажэхэм щызэхъуэкIыным, - жиIащ министрым. - КъэкIуэну илъэсым республикэм и хэхъуэр сом мелард 71,3-рэ хъунущ, езыр хуеинущ - сом мелард 73,8-рэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм етIанэгъэ сом меларди 9,5-рэ зэрыхуэдутIыпщынур. Бюджетым къыщытлъытащ 2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ МРОТ-м зэрыхэдгъэхъуэнури. Ар сом 27 093-рэ хъунущ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, илъэс етхуанэ хъуауэ бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэм гъэ къэс шыщхьэуIум и 1-м проценти 10 хыдогъахъуэ. Абы къэкIуэну илъэсхэми пытщэнущ. Улахуэр тыным псори зэхэту сом мелард 24,9-рэ текIуэдэнущ.

Лисун Еленэ къытеувыIащ лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэми. Абы и бжыгъэр сом мелард 14,2-уэ къагъэлъагъуэ. «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» Iуэхум ипкъ иткIэ, курыт еджапIэу 54-рэ зэрагъэпэщыжынущ, «Унагъуэ» Iуэхум хыхьэу, школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм я IуэхущIапIэ Бахъсэн, Гундэлэн, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм щаухуэнущ. КъищынэмыщIауэ, сабий гъэсапIэу 6 зыхуей хуагъэзэнущ, спорт пэшхэр, щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэр ирагъэфIэкIуэнущ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, 2026 гъэм субсидие щхьэхуэ хухагъэкIынущ гъуазджэхэмкIэ школитI ухуэным.

- Нобэ мы законопроектым жылагъуэри хэту дызэрытепсэлъыхьым мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ ди щIыналъэм къэкIуэну илъэсищым и бюджетыр зыхуэдэнур доубзыху, - жиIащ Къуныжь МуIэед. - Дызытехьэну илъэсым республикэм къигъэсэбэпыну зыхуеинур 2025 гъэм елъытауэ сом меларди 9-кIэ нэхъыбэнущ. Ар псом хуэмыдэу зытещIыхьар егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ текIуадэм хэгъэхъуэнращ. Шэч хэмылъу, ипэ илъэсхэми хуэдэу, бюджетым гулъытэ хэха щегъуэт цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхухэм, абыхэм защIэгъэкъуэным. Бюджетым къыщылъытащ дохутырхэм, егъэджакIуэхэм я улахуэм зэрыхэхъуэнур. Ари мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил къыщыпсалъэм жиIащ бюджетым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэнымкIэ къалэнышхуэхэр къазэрыпэщылъыр, ауэ ипэ илъэсхэм яIа ехъулIэныгъэхэм тепщIыхьмэ, ахэр яхуэгъэкъаруну зэригъэгугъэр: «ЦIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн Iуэхухэм щыхьэт тохъуэ улахуэмрэ урипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейр зыхуэдизымрэ зэрыхэхъуэр, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным нэхъыбэ зэрыхухахыр, нэгъуэщI куэди. Бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам ущегъэгугъ республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ къытщищIар - ВРП-р сом мелард 700-м нэсынымрэ щIыналъэм езым и хэхъуэр сом мелард 30 мынэхъ мащIэ хъунымрэ - тхуэгъэзэщIэну. Социальнэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрызэрагъэпэщым и гугъу пщIымэ, щхьэхуэу къыхэбгъэщ хъунущ сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэм, апхуэдэхэр япIыну къэзыщтэхэм зэрызыщIагъакъуэу сом мелуан 408-рэ къызэрыгъэлъэгъуар. Абы щыщу сом мелуан 200-р сабий зеиншэхэр унэкIэ къызэгъэпэщыным тещIыхьащ. Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ онкодиспансерымрэ Театрхэм я уардэунэмрэ я ухуэныгъэр зэфIэгъэкIыным.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI КIасэ Динэ, Урысейм и ФНС-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Акаевэ Светланэ, КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурият.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ирикъуащ мин 50!

Нобэ ягъэлъапIэ Сабийхэм я махуэм ирихьэлIэу ди республикэм и Перинатальнэ центрым сабий мин 50-р дунейм къыщытехьащ. А бжыгъэ дахэр иризыгъэкъуар щIалэ цIыкIущ, и хьэлъагъыр килограмми 2-рэ грамм 850-рэ, и лъагагъыр сантиметр 48-рэ мэхъу. Бахъсэн районым щыщ, анэ хъуа бзылъхугъэм ар и япэ сабийщ, тIуми я щытыкIэм дохутырхэр арэзы къэщI.

КАВКАЗ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм ящыщу республикэм и Перинатальнэ центрырщ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ пылъу икIи шынагъуэншэу къызэрызэрагъэпэщым и сертификатыр япэу къызыIэрыхьар. 2017 гъэм ар къызэрызэIуахам Iэмал хъарзынэхэр къаритащ сабий къалъхуагъащIэу лIэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунымкIэ. Иджырей Iэмэпсымэхэмрэ технологие зызыужьахэмрэ я фIыгъэкIэ анэми сабийми фIагъышхуэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэф.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы IуэхущIапIэм лэжьыгъэм и пIалъэм фIыуэ щыхагъэгъуазэ центр зэрыхэтыр. Ар зэрыщыIэ илъэсийм кърихубыдэу абы я Iэзагъэм щыхагъэхъуащ медицинэ лэжьакIуэу 350-м щIигъум, IэщIагъэлI мини 9-м нэблагъэ щагъэхьэзыращ.

Ар ди унагъуэ хабзэщ

Унагъуэр игъащIэми ялъытэ гъащIэм цIыхум щиIэ лъапIэныгъэхэм я нэхъыщхьэу. Ар къэралым и зы Iыхьэщ, жылагъуэм и быдапIэщ. ЦIыхухэм яхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыбапIэми къежьапIэ яхуэхъур унагъуэращ. Абы зегъэужьыным, гъэбыдэным, зегъэузэщIыным, исхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зыхуей ягъуэту гъащIэм хэтыфыным гулъытэшхуэ щегъуэт Урысей Федерацэм. Зы илъэси къанэркъым унагъуэм ифI къызэрыкIын хабзэщIэхэр къэралым къыщамыщтэу, Iуэхугъуэ щхьэпэхэр щызэфIамыхыу. Иужьрейхэм я щапхъэщ «Ар ди унагъуэ хабзэщ» фIэщыгъэр зиIэу мы гъэм етIуанэу къэралым щрагъэкIуэкI урысейпсо зэпеуэр. «Унагъуэ» лъэпкъ проетым и зы Iыхьэу ягъэува зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэщ «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ IэнатIэр.

ХЭКУМ и унагъуэ куэдым жыджэру къызэдащта а зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэхэр епхащ абы ис щIэблэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр, зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным, унагъуэм щызекIуэ хабзэфIхэр, щахъумэ лъапIэныгъэхэр хэIущIыIу щIыным. Абы и утыку йохьэ IыхьлыгъэкIэ зэпха унагъуэ зытIущу зэгухьа гупхэр, псэукIэ и пIалъэ зыщIэ нэхъыжьхэу, унагъуэ хъуагъащIэ ныбжьыщIэхэу зэхэту: адэшхуэ-анэшхуэ хъуахэр, я быи балигъхэр ящIыгъуу, адэ-анэ къалэнхэм пэрыувагъащIэхэр, къащIэувэ я щIэблэр я гъусэу.

Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ щыт зэпеуэр мы бжьыхьэм яублащ. Абы хэтыну гукъыдэж зыщIа унагъуэхэм зэпеуэм и Интернет сайтым езыхэм я напэкIуэцI щхьэхуэ япэщIыкIэ къыщызэрагъэпэщащ. КъыкIэлъыкIуэу гупу зэхыхьа унагъуэхэм я зэхэтыкIэм, зэхущытыкIэм, нэхъыжьхэм я деж къыщежьа хабзэхэу псоми пщIэ зыхуащIхэм ятещIыхьа видео кIэщIхэр трахащ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я творческэ зэфIэкIхэр наIуэ къыщащIащ. А Iуэхугъуэ псоми ехъулIэныгъэкIэ пхыкIауэ къалъытэ унагъуэ гупхэр къэралым и щIыналъэхэм щызэпеуэну ягъэуващ 2025 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм и накъыгъэ пщIондэ.

Абыхэм пашэ щыхъухэр Москва ирагъэблэгъэнурэ зэпеуэм и кIэух Iыхьэм 2026 гъэм и бадзэгъуэм и 8-м хэтынущ. Абыи щытекIуэхэм саугъэт лъапIэхэр, тыгъэ инхэр къапоплъэ. Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэхэщ сом мелуан тхурытху хъу сертификат 60-р. А мылъкур унагъуэ нэхъыфIхэм иратынущ, я псэукIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ. КъинэмыщIауэ, абы пашэ щыхъухэм папщIэ унагъуэ нэгузегъэужь зекIуэхэри къызэрагъэпэщынущ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а махуэм ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэщIыр.

Мы зэманым нэрылъагъу зэрыхъуамкIэ, «Ар ди унагъуэ хабзэщ» урысейпсо зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ящIащ цIыху 726191-м. Ар унагъуэ 196576-рэ мэхъу, ди къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщрэ хамэ щIыпIэу 82-м щыпсэу я Iыхьлыхэр зи гъуси яхэту.

Зэраубзыхуам тету, блэкIа тхьэмахуэм и етIуанэ Iыхьэм щIидзауэ къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI зэпеуэм и ещанэ Iыхьэр. Апхуэдэу Тэн Iус Ростов къалэм иджыблагъэ щызэпеуащ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм, Донбассымрэ Новороссиемрэ ящыщ унагъуэ гупхэр. Унагъуэхэр махуиплIым къриубыдэу хэтащ абы къызэгъэпэщакIуэхэм къыхуагъэлъэгъуа спорт, творческэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, еплъыныгъэхэм, къэпщытэныгъэхэм. Урысей географие зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ илъэси 180 зэририкъур и лъабжьэу, дэтхэнэ унагъуэ гупми къабгъэдэкI тыгъэ нэхъапэIуэкIэ хуащIат Iуэхум къыхузэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ иным. Апхуэдэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэр зи IэрыкI унагъуэхэри наIуэ къыщащIащ абдеж.

А псори зэхалъхьэжри, щIыналъэ зэхуаку зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытащ унагъуэ 52-рэ. Абыхэм ящыщу 22-р Ипщэ федеральнэ щIыналъэм, 25-р Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, 5-р Донбассымрэ Новороссиемрэ я лIыкIуэхэщ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и лIыкIуэхэу утыкум щагъэлъэпIахэм яхэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ унагъуэ гупищ. Апхуэдэхэт: ГъущIохэрэ Щокъуийхэрэ я адыгэ унагъуэ гупыр (цIыхуи 6), Ибрагимовхэ, Рунтхалэхэ, БжьыхьэлIхэ, Дадаевхэ я лъэпкъыбэ унагъуэ гупышхуэр (цIыху 11), медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу щыт Кокутенкэхэрэ Лебедевхэрэ я урыс унагъуэ гупыр (цIыхуи 7). Къыхэдгъэщынщи, а гупым узыншагъэр хъумэн IэнатIэм щаIэ стажыр, псори зэгъусэу къапщтэмэ, илъэс 580-рэ мэхъу.

Зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуахэми абы хэта псоми гуапэу ехъуэхъуащ абы и къызэгъэпэщакIуэхэр, къэпщытакIуэ гупхэм хэта IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэр. Унагъуэ гупхэри яхуэзащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщ цIыху цIэрыIуэхэм, творческэ лэжьакIуэхэм, къулыкъущIэхэм.

Ди республикэм и лIыкIуэу зэпеуэм хэта икIи нэхъыфIхэм халъыта а унагъуэ гупищыр къэралпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм гъэмахуэ къакIуэ хэту ирагъэблэгъакIэщ. Ахэр щIэбэнынущ унагъуэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэхэм, тыгъэ лъапIэхэм. Ди гуапэщ ди щIыналъэм щыщ унагъуэ гупхэр къэралым щынэхъыфI дыдэхэм халъытэну.

АтIэми, щIыналъэ зэхуаку утыкушхуэм мы махуэхэм ихьа дэтхэнэри абы щытекIуауэ къыубж хъунущ, сыту жыпIэмэ абыхэм яIэщ гъащIэм щынэхъыщхьэ лъапIэныгъэхэм халъытэр: нэхъыжь и унафэрэ сабий дыхьэшх макърэ сыт щыгъуи зэрылъ, абыхэмкIэ бей унагъуэхэр. Аракъэ-тIэ текIуэныгъэу, насыпу щыIэм я нэхъыщхьэр!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЕхъулIэныгъэи гугъуехьи щыIэщ

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэмкIэ и комитетым и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ кхъахэ хъуа унэхэм цIыхухэр къызэрыщIагъэIэпхъукIым.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ Дыщэкl Мадинэ, депутатхэр, къалэ округхэм я администрацэхэм, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыныр къызэзыгъэпэщ щIыналъэ IуэхущIапIэм я лIыкIуэхэр.

ЕхъулIэныгъэхэр

- Республикэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI кхъахэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ. Псалъэм папщIэ, 2017 гъэм щIышылэм и 1 -м ирихьэлIэу жьы хъуауэ къалъыта унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным ехьэлIа Iуэхухэр и пIалъэр къэмысу зэфIэзыгъэкIа щIыналъэхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч. - Программэм и япэ Iыхьэм цIыху 1020-рэ къыщIагъэIэпхъукIащ фэтэр 393-м (псоми зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 17,06-рэ къызэщIеубыдэ). А лэжьыгъэм текIуэдащ сом мелуан 560,8-рэ. Мы Iуэхум пытщэнущ 2022 - 2030 гъэхэм тещIыхьауэ ягъэбелджыла лэжьыгъэм ипкъ иткIэ.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ къазэрыхуищIам тету, мардэхэм езэгъ пэшхэр зэрыратыр. ЦIыхухэр зэрагъэIэпхъуэ программэм и япэ IыхьитIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, метр зэбгъузэнатIэ мин 16,34-рэ хъум къыщIагъэIэпхъукIхэр метр зэбгъузэнатIэ мин 25,08-м ягъэIэпхъуэнущ.

Къумал Заурбэч гугъуехьхэм ящыщу къыхигъэщащ лэжьыгъэм хухах мылъкур зэрымащIэр, псэупIэ пэшхэр зэIэпахыныр ухуэныгъэр зи пщэ дэзылъхьэжхэм зэрагъэгувэр, нэгъуэщIхэри. Зыгъэпlейтейхэм ящыщщ 2022 гъэ лъандэрэ иджыри унэ 28-рэ (метр зэбгъузэнатIэ мин 21-рэ хъууэ) кхъахэ хъуауэ къызэралъытар.

Сом меларди 2 мынэхъ мащIэ

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей жиIащ 2023 - 2024 гъэхэм ятещIыхьа программэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэр и кIэм зэрынагъэсар, Налшык къалэм дэт зы унэм и пэши 127-м цIыхухэр къыщIагъэIэпхъукIыным фIэкIа къэмынэу.

2017 гъэм къыщыщIэдзауэ 2022 гъэ пщIондэ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 13,5-м нэблагъэ кхъахэ хъуауэ къалъытащ, абы щыщу зэман гъунэгъум метр зэбгъузэнатIэ мини 7,8-м къыщIэгъэIэпхъукIыным иужь итынущ. Республикэм ущыпсэу мыхъуну дэт унэу мы зэманым щыIэщ метр зэбгъузэнатIэ мин 35-м щIигъу.

Гугъуехь щхьэхуэу зэкIэ къонэ Налшык къалэм кIэлындор кIыхь зиIэ унэхэм къыщIагъэIэпхъукIыныр - нэхъыбэу ахэр кхъахэ хъуауэ къалъыта общежитхэращ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, унейм ящIа апхуэдэ пэшхэр псэупIэ мардэм техуэркъым, зыгъэпскIыпIэ, пэш щхьэхуэу хуэдэхэр зэрамыIэм къыхэкIыу. Апхуэдэхэм щIэсхэм метр зэбгъузэнатIэ 33-рэ мынэхъ мащIэ иратын хуейщ, зыщIэса пэшхэр метр зэбгъузэнатIэ 17 - 18 фIэкIа мыхъуу щытами. Гугъуехь къэзышэр аращ - Iуэхум текIуадэм и процент 50-м нэс республикэм хилъхьэжын хуей зэрыхъурщ. А лъэпощхьэпор къызэрызэранэкIынум йолэжь щIыналъэ унафэщIхэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЦIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ лэжьыгъэр зыубзыху федеральнэ IэнатIэм зэпымыууэ япыщIащ. Гугъуехьхэр къызэнэкIыным сом меларди 2 мынэхъ мащIэ хуеинущ.

Iуэхур къэзылъахъэр

Республикэм и щыхьэрым мы лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым тепсэлъыхьащ Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Тонконог Анатолий. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, программэм и япэ Iыхьэр (2022 - 2023 гъэхэм ятещIыхьар) къыкIэрыхуауэ яухауэ аращ - фэтэри 199-м къыщIагъэIэпхъукIащ.

ЕтIуанэ Iыхьэм къриубыдэу (2023 - 2024 гъэхэм), метр зэбгъузэнатIэ 3539-м къыщIагъэIэпхъукIын папщIэ, метр зэбгъузэнатIэ 6113-рэ яухуэн хуеящ. Гугъуехь нэхъыщхьэр зэпхар общежитхэращ - ахэр 31-рэ мэхъу.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ 2022 гъэм щегъэжьауэ кхъахэу къалъытахэм иджыри уни 9 къазэрыхэхъуар. ЩытыкIэр щыгугъу дыдэу къагъэлъагъуэ унитI (Ахъуэхъум и унэ №137-мрэ Тхьэкъуахъуэм и уэрамым хиубыдэ унэ №94-мрэ). Ахэр, уеблэмэ ущыпсэуну шынагъуэу къалъытащ.

Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Кожухов Кирилл къыщыпсалъэм жиIащ кхъахэ хъуауэ унибл муниципалитетым зэраIэр, метр зэбгъузэнатIэ 974-рэ хъууэ. Абыхэм щIэсхэр ягъэIэпхъуэну траухуэ 2027 - 2028 гъэхэм.

Унэхэр нэхъ къызэрызэтенэну щIыкIэр

ЗэIущIэм хэтахэм жаIащ жьы хъуа унэхэр гъэбелджылыным илъэс къэс зэрелэжьымрэ ТСЖ-хэмрэ управляющэ компаниехэмрэ унэхэр зыхуей хуагъэзэнымкIэ яхь жэуапыр ирагъэфIэкIуэн зэрыхуеймрэ.

ЗэIущIэм хэтахэм яфIэгъэщIэгъуэнащ Налшык къалэм ухуэныгъэхэр куэду зэрыщекIуэкIым емылъытауэ, жьы хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным гугъуехь зэрыпылъыр. Ахэр щIэупщIащ унэхэр зыщIхэм иращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм псэупIэм и Iыхьэ гуэр муниципалитетым ирату щIыныммкIэ щыIэ Iэмалхэм. Тонконог Анатолий жиIащ щIыпIэхэм зэрызрагъэужь зэгурыIуэныгъэхэм зэхьуэкIыныгъэхэр хилъхьэну администрацэм зэригъэхьэзырыр. Дэфтэрым къыщагъэлъэгъуэну я мурадщ унэ зыухуэхэм псэупIэ ящIам и процент пыухыкIар - проценти 5 - 7 муниципалитетым иратыну къалэн щащIыныр.

Унафэр

ЗэIущIэм и кIэм комитетым КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм хуигъэлъэгъуащ япэу зэлэжьыпхъэхэр. Абыхэм ящыщщ: «2014 - 2049 гъэхэм унэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIым теухуауэ» республикэ программэм кхъахэу къалъыта унэхэр хэгъэкIыныр; унэжьхэм къыщIагъэIэпхъукIыхукIэ, абыхэм я щытыкIэр цIыхухэм я дежкIэ шынагъуэншэу щытыныр къызэгъэпэщыныр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэм и дунейпсо махуэм

КъэкIуэнум хьэлэлу хуэлажьэу

Мы гъэм илъэситху мэхъури, ди къэралым щагъэлъапIэ ЕджапIэ нэхъыщхьэм щылажьэ IэщIагъэлIым и махуэр. Ар ягъэувауэ щытащ УФ-м и Правительствэм абы теухуауэ къыдигъэкIа унафэ щхьэхуэм ипкъ иткIэ. ЩэкIуэгъуэм и 19-м ар щIытраухуами щхьэусыгъуэ иIэщ: а махуэм къалъхуауэ щытащ къэралым цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ етынымкIэ и IэнатIэм и зэхэублакIуэхэм ящыщ, урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ икIи узэщIакIуэ лъэрызехьэ Ломоносов Михаил. Ар и тегъэщIапIэу ягъэува махуэшхуэм и къалэнхэр хуэгъэпсащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэм, ассистентхэм, егъэджакIуэхэм къэрал экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэныгъэфIрэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным, ауэ щыхъукIэ къэралпсо зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэ иным иджыри зэ гу лъегъэтэным, егъэджэныгъэгъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къыщыхэжаныкI еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр гъэгушхуэным, нэгъуэщIхэми.



ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я пашэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр. Мы зэманым а еджапIэ нэхъыщхьэр халъытэ къэралым и апхуэдэ IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм, сыту жыпIэмэ абы иIэщ зэрыгушхуэн, зэрыпэгэн ехъулIэныгъэ куэд. Университетым и IэщIагъэлIхэм зэфIэкIышхуэ къыщагъэлъагъуэхэм ящыщщ математикэм, физикэм, электроникэм, нанотехнологием епха унэтIыныгъэхэр. Абыхэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэм пщIэшхуэ щаIэщ щIэныгъэм и дунейм.

КъБКъУ-м и профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, лъэпкъ щIэныгъэм и къэкIуэнум апхуэдэу псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэхэм ящыщщ Журт Арчыл Хьэзешэ и къуэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и IэщIагъэлI пашэхэм, цIэрыIуэхэм халъытэ Журтыр кафедрэм и унафэщI, университетым Физикэмрэ математикэмкIэ и институтым егъэджэныгъэмрэ методикэмкIэ и комиссэм и пашэм и къуэдзэ, жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI къалэнхэри илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ. ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ а лэжьакIуэ емызэшыр апхуэдэу и унафэщIщ а унэтIыныгъэмкIэ КъБКъУ-м и магистратурэмрэ аспирантурэмрэ. Абы и къалэмыпэм къыпыкI лэжьыгъэхэм пщIэ щагъуэт щIэныгъэ дунейм. Абыхэм ящыщ куэд къытрадзэ Scopus библиографие, реферативнэ дунейпсо базэхэм хыхьэ щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм. Абыхэм уи тхыгъэ къытрадзэн щхьэкIэ, дызэрыщыгъуазэщи, щIэныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ еплъыкIэщIэ гуэр абы хэлъын хуейщ, ар къызыхэщ рецензэ купщIафIэри щыгъужу. Апхуэдэ пщIэ лъагэр щIэныгъэ дунейм хуэфащэ дыдэу къыщыхуащI къыщалъхуа махуэр иджыблагъэ зыгъэлъэпIа IэщIагъэлIым.

Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм 1949 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къыщалъхуащ Журт Арчыл. ЗэщхьэгъусэхэуХьэзешэрэ Нинэрэ (ар Къущхьэхэ япхъут) зэдагъуэта сабиипIIым ещанэт Арчыл. А зэманым еплъытмэ, бынипIIыр унагъуэшхуэ дыдэхэм халъытэртэкъым (апхуэдэхэр мащIэтэкъым), итIани, сыткIи къызэгъэпэща сабиигъуэ тынш зиIахэм ящыщу зыкъилъытэжыркъым Арчыл.

- Ди адэр Хэку зауэшхуэм япэу дэкIыу бий бзаджэм пэщIэувахэм ящыщащ. Зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, и нэм сэкъатышхуэ игъуэтауэ щытащ. УIэгъэщым щIэлъащ куэдрэ, арщхьэкIэ, зыри имылъагъуж хъуауэ, фронтым къикIыжат, - игу къегъэкIыж и сабиигъуэр Журтым. - Ди анэ тхьэмыщкIэр хуабжьу хуэсакъащ ди адэм, ар зыхуей хуэгъэзэнкIи хьэкъ лъэпкъ къытенакъым. Ди адэм хуищI пщIэмрэ кIэлъызэрихьэ нэмысымрэ махуэ къэс зи нэгу щIэкI дэ цIыкIухэри адэ-анэм дыкъагъэтэджащ гууз-лыуз диIэу, зэхэщIыкIрэ набдзэгубдзаплъагъэрэ тхэлъу.

Журтхэ я бынипIIым ящыщу еджэным, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным нэхъ хуэпабгъэу къэхъуар Арчылщ. Школым щыщIэса илъэсхэм щIалэ цIыкIур псом хуэмыдэу дахьэхырт математикэмрэ химиемрэ. ПредметитIри зэхуэдэу фIыуэ зылъагъу щIалэщIэм, дауэ хъуми, математикэм нэхъ кууу хуеджэну мурад ищIащ. Езым зэрыжиIэмкIэ, ар къызэрыхихар я фIыгъэщ а щIэныгъэм дезыгъэхьэха и школ егъэджакIуэ Манаковэ Клавдиерэ и анэм и лъэныкъуэмкIэ я Iыхьлы математик Акъсырэ Мухьэмэдхъанрэ. Курыт школыр 1967 гъэм къиуха нэужь, Арчыл щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым и математикэ къудамэм.

Студент илъэсхэр жыджэру ирихьэкIащ адыгэ щIалэщIэм. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, ар и ныбжьэгъухэр и гъусэу дапщэщи хэтт КъБКъУ-м щекIуэкI жылагъуэ, студент гъащIэми, зэфIэкIыфIхэр къыщигъэлъагъуэрт спорт зэхьэзэхуэхэми. 1987 гъэм ар зи пашэ студент ухуакIуэ гуп щылэжьауэ щытащ Германием. Арчыл зэрыжиIэмкIэ, а лъэхъэнэм ныбжьэгъу зэхуэхъуауэ щыта щIалэ гупыр ноби зэрыIыгъщ, зэкIэлъокIуэ, я Iуэху зэрыщIэу, зыр адрейм щIэгъэкъуэн хуэхъуу. Абыхэм къахэкIащ зи IэщIагъэм хуэIэижь егъэджакIуэ цIэрыIуэхэр, профессорхэр, зыщыщ лъэпкъхэм, я унагъуэхэм я нэхъыжь щыпкъэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, а зэманым къыщыщIэдзауэ къызэдекIуэкI зэшзэныбжьэгъухэу Абрэдж Мухьэмэд, Батыр Александр, Мэсей Леонид, ХьэщIэ Мухьэдин сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Къуэш пэлъытэ зэхуэхъуа дэ гупыр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, дыкъызэдогъуэгурыкIуэ илъэс 50-м щIигъуауэ, ди щIалэгъуэм дяку къыдэхъуа зэныбжьэгъугъэр дгъэпэжу, нэхъри дгъэбыдэу, - жеIэ Мэсей Леонид. - Апхуэдэ щытыкIэр куэдкIэ зи фIыщIэр Арчылщ, сыту жыпIэмэ зэныбжьэгъухэм тщыщу ар нэхъ жыджэрщ, гупцIанэщ, апхуэдэуи хэлъэт иIэщ. Ди ныбжьэгъу щыпкъэм, щIэныгъэлI Iэзэм ди гуапэу дохъуэхъу, нобэ зэрыщытым хуэдэу, дунейри гъащIэри фIэIэфу, и бынхэм, и къуэрылъхухэм я фIыгъуэ, гуфIэгъуэ куэд илъагъуу, узыншэу псэуну.

Университетыр илъэсхэм щытепсэлъыхьыжкIэ, зэныбжьэгъухэм гуапэу ягу къагъэкIыж Арчыл и адэ-анэри (я ахърэтыр Тхьэм нэху ищI). А зэманым Журтхэ я унагъуэр Налшык къэIэпхъуати, студент гупым ерыскъы IэфI куэдрэ къыщыхуащтэрт щIэх-щIэхыурэ здекIуалIэ унагъуэм.

Апхуэдэу щызу, купщIафIэу еджэныр езыхьэкIа Журтым диплом лэжьыгъэри ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэриIэм щыхьэт техъуэ тхылъри къратыжащ. КъБКъУ-м геометриемрэ алгебрэмкIэ и кафедрэм а лъэхъэнэм щылэжьа математик Iэзэхэм гу лъатат щIалэщIэм зэфIэкIышхуэ къызэрыкъуэкIынум икIи абы чэнджэщ иратащ иубла и къэхутэныгъэхэм адэкIи пищэну, еджапIэ нэхъыщхьэми лэжьэн щыщIидзэну. Апхуэдэуи хъуащ икIи къыхиха унэтIыныгъэмкIэ лIэщIыгъуэ блэкIам и 70 - 80 гъэхэм Арчыл къэхутэныгъэ купщIафIэхэр зэфIихащ. Ар щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэрт Москва, Красноярск, Свердловск, Гомель, Кишинёв, Новосибирск къалэхэм алгебрэмкIэ щекIуэкI къэралпсо, урысейпсо щIэныгъэ зэIущIэхэм, абыхэм я утыкухэм докладхэр щищIырт. Апхуэдэурэ хэIущIыIу хъуащ IэщIагъэлI щIалэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр. Кандидат диссертацэу къалъытэ хабзэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ къэхутэныгъэ зэфIэзыха ассистент щIалэм гу къылъамытэу къэнакъым щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм. Журтым и къалэмыпэм къыпыкIа а къэхутэныгъэхэр хьэлэмэт зыщыхъуахэм ящыщщ профессор цIэрыIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Сыскин Сергей. Абы езым жэрдэм ищIри, Арчыл и къэхутэныгъэхэр и нэIэм щIигъэуващ 1988 гъэм. А гъэ дыдэм Журтым и лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ щыпхыкIащ Ленинград къэрал университетымрэ Стекловым и цIэр зезыхьэ Математикэ институтым Ленинград щиIэ къудамэмрэ я Диссертацэ советым икIи физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр иригъэкIуэкIащ Журт Арчыл. 2004 гъэм ирихьэлIэу щIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIащ лэжьыгъэ щхьэхуэу 80-м нэс. И къэхутэныгъэхэм епха докладхэр IэщIагъэлI щыпкъэм щищIырт зи утыку ихьэ дунейпсо, къэралпсо щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, алгебрэ школхэм. Ахэр къытрадзащ щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэу «Сибирский математический журнал», «Алгебра и логика», нэгъуэщIхэми. Илъэс зыбжанэкIэ иригъэкIуэкIа а къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу, Арчыл 2004 гъэм утыку ирихьащ «Квадратичные элементы групп Фробениуса» и доктор диссертацэр (щIэныгъэ чэнджэщэгъур РАН-м и член-корреспондент, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Мазуров Владимирщ). Лэжьыгъэр щытхъушхуэ иIэу щыпхыкIауэ щытащ РАН-м Уралым щиIэ и къудамэм Математикэмрэ механикэмкIэ и институтым.

Профессор цIэрыIуэр ноби жыджэру IэнатIэм пэрытщ. Университетым щызэфIих егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Журтыр хэтщ зэлэжь унэтIыныгъэмкIэ къызэрагъэпэщ щIэныгъэ зэхыхьэ инхэм. 2006 гъэм ар щыIащ США-м щекIуэкIа дунейпсо конференцым. Абы щыгъуазэ зыхуищIащ а къэралым и егъэджэныгъэ IэнатIэм и къызэгъэпэщыкIэм, студентхэм, егъэджакIуэхэм лекцэ купщIафIэхэм къахуеджащ, ахэр и къэхутэныгъэхэм щыгъуазэ яхуищIу. А Iуэхугъуэри щыхьэт тохъуэ Журтым зэфIэкI лъагэ зэрыбгъэдэлъым, езыми щIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ зэрыщиIэм.

ЕгъэджакIуэ Iэзэм и нэIэм щIэту, ар я щIэныгъэ унафэщIу гъэхьэзыра хъуащ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ кандидат, доктор диссертацэхэр. ИригъаджэкIэ студентхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ, Журтым IуащхьэмахуэкIэ лъапэ щэнейрэ щызэхишащ алгебрэмкIэ дунейпсо школхэр. Апхуэдэу абы къэралым ис щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр КъБКъУ-м щIэх-щIэхыурэ кърегъэблагъэри, ахэр ди студентхэм лекцэ купщIафIэхэм къахурегъаджэ. Иужьрейуэ щыIахэм ящыщщ РАН-м и член-корреспондентхэу Мазуров Владимиррэ Махнёв Александррэ. ЩIэныгъэлIым иIэ зэфIэкIымрэ гудзакъэмрэ я фIыгъэкIэ а кафедрэм и лэжьыгъэм хэпщIыкIыу зиужь зэпытщ.

Еджагъэшхуэр, зэрихабзэу, дапщэщи жыджэру хэтщ университетым щекIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэ куэдым. Ар КъБКъУ-м и профкомым хэтщ, абы и пашэм и къуэдзэщ. Апхуэдэу и жэрдэмщIакIуэщ икIи къызэгъэпэщакIуэщ студент олимпиадэхэм, спартакиадэхэм, махуэшхуэ зэхыхьэхэм, щэбэт щIыхьэхухэм. Хэтщ КъБКъУ-м, математикэ факультетым я ЩIэныгъэ советхэм. Апхуэдэу ар куэдрэ ирагъэблагъэ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я къэрал экзаменационнэ комиссэхэм. Къапщтэмэ, 2025 гъэм и мэкъуауэгъуэм Журт Арчыл Городовиков Басан и цIэр зезыхьэ Къалмыкъ къэрал университетым ирагъэблагъэри, абы и ГЭК-м и унафэщIу щытащ.

Бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм папщIэ Журт Арчыл мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм, ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м, Налшык къалэ администрацэм, Профсоюзхэм я федерацэ зэгуэтым къабгъэдэкI къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Псэ къабзэкIэ зи дунейр гъэнщIа, зи псалъэм тебгъуэтэж щIэныгъэлIым апхуэдэу пщIэшхуэ къыхуащI къыдэлажьэхэми иригъаджэ студентхэми.

Къэхутэныгъэщ1эхэр зи плъапIэ, мурадыфIхэр зи куэд щIэныгъэлI щыпкъэ Журт Арчыл Хьэзешэ и къуэм дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкIи ЕджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэм и дунейпсо махуэщIымкIи. Узыншэу, и гугъэхэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу, унагъуэ насып щымыщIэу, и бынхэр, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я насып куэд илъагъуу, и ныбжьэгъухэр къыкъуэту куэдрэ псэуну, гъунэ зимыIэ щIэныгъэ лъагэм и зэфIэкI иджыри къыщигъэлъэгъуэну ди гуапэщ. Журт Арчыл хуэдэ IэщIагъэлIхэм я фIыгъэ куэд хэлъщ лъэпкъ щIэныгъэр ипэкIэ зэрыкIуатэм, ауэ щыхъукIэ - къэралым зэрызиужьым.

Къэхутэныгъэщ1эхэр зи плъапIэ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэу зи IэщIагъэм епха махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэми дохъуэхъу ди республикэр, Хэку псор ипэкIэ зыгъэкIуэтэн лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ нэхъ къулеиж хъуну, яхуэфэщэн къэрал гулъытэ ягъуэтыну. Журт Арчыл хуэдэу, гъунэ зимыIэ щIэныгъэм и щыгу дэкIуеифын куэд ди еджагъэшхуэхэм дяпэкIи къахэкIыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Псалъэ гуапэхэмкIэ захуегъазэ

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и ветеранхэм я махуэм хуэгъэпса Iуэхухэр.

ИЛЪЭС куэдкIэ къулыкъум щылажьэу загъэпсэхуну тIысыжахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ УФСИН-м и унафэщIым. Демидов Александр къыхигъэщащ IэнатIэм и ветеранхэм хабзэ дахэхэр зэрызэтраухуар, офицерхэм я щIэблэщIэм абы зэрыпащэр. Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникым зэрыжиIащи, УИС-м и ветеранхэр Хэку хуэлэжьащ сыт щыгъуи.

- Фэ фщыщ куэд ноби сэбэпышхуэ къытхуохъу, жыджэру хэтщ Управленэм и жылагъуэ гъащIэм, щIалэгъуалэр псэкупсэу гъэсэным елэжьу, - къыхигъэщащ абы.

Илъэс куэдкIэ зэрылэжьам папщIэ Демидов Александр ветеран зэщIэхъееныгъэм хэтхэм яритащ «За отличие» II нагъыщэ медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Абыхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и УИС-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Сасыкъ Анзор.

АдэкIэ Iуэхум къыпащащ концерткIэ. Къызэхуэсахэр зэщIаIэтэу утыкур ягъэбжьыфIащ «Мелодия добра» псапащIэ фондым и артистхэм. КъыкIэлъыкIуэ макъамэ тыгъэр къыбгъэдэкIащ Налшык дэт еджапIэ №7-м «Путь к успеху» полицэм и кадет классым и гупым. Апхуэдэуи УИС-м и ветеранхэм папщIэ уэрэдхэр ягъэзэщIащ КП-5-м и бухгалтер Нартщауэ Джамилэрэ ИК-3 частым и мафIэсгъэункIыфI нэхъыжь Гъазэ Русланрэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ДэIэпыкъуныгъэ щагъащIэркъым

2025 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ, МСП Корпорацэр къагъэсэбэпу, финанс дэIэпыкъуныгъэу иратам и куэдагъым процент 36-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ икIи сом меларди 3,66-м нызэрыхьэсащ ар.

ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭМ хохьэ худэчых зыхэт кредитхэр етынымрэ кредит къащтам папщIэ шэсыпIэу яхуэувынымрэ. Ахэр ягъэзащIэ «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи абы и фIыгъэкIэ IуэхущIапIэхэм хэщIыныгъэ яIэ хъуным щыхъума мэхъу, кредит ахъшэри лъэпощхьэпо хэмыту къащтэ.

2025 гъэм и щIышылэм – фокIадэм къриубыдэу, зэкIэ къызэрабжамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленнэ хьэпшыпрэ оборудованэу къыщыщIагъэкIам и куэдагъым проценти 8,5-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам елъытауэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

IэщIагъэлIхэр трагъэгушхуэ

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэр е колледжхэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэр лэжьапIэ ува нэужь, япэ илъэсищым абыхэм къахь улахуэм дэщIыгъужыныгъэ щхьэхуэ хуэщIын хуейуэ къелъытэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и унафэщI Миронов Сергей.

АБЫ къыхигъэщащ еджапIэр къэзыухахэм ящыщ куэд, лэжьыгъэм и пIалъэм зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу, IэнатIэ къыщалъыхъуэкIэ гугъу зэрехьыр. Ар и щхьэусыгъуэщ лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм я улахуэр зэрымащIэми. Абы къыхэкIыу щIалэгъуалэр пIащIэркъым унагъуэ зэрагъэпэщыну.

«ЕджапIэр диплом плъыжькIэ къэзыуха IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм япэ илъэсищым улахуэ нэхъыбэ къахьу Iуэхур зэтраублэмэ, абы студентхэр нэхъыфIу еджэным тригъэгушхуэнущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэралми лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI нэхъыбэ иIэ хъунущ», - жиIащ Миронов Сергей.

Депутатым зэрыжиIэмкIэ, улахуэм хуащIыну дэщIыгъужыныгъэр лэжьакIуэм и улахуэм техьэ налогым къыхагъэкI хъунущ. «Ахъшэр зыхуэдизынур убзыхуауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ, ауэ зымащIэ гуэру мыхъуу, зыхэпщIэу щытын хуейщ», - жиIащ абы.

Зэхэгъэж ямыщIу

Дунейпсо Олимп комитетым (МОК) и президент Ковентри Кирсти къэралхэм я правительствэхэр къыхуриджащ спортымрэ политикэмрэ зэрамыпхыну, зэхьэзэхуэхэм я къызэгъэпэщакIуэхэм захуигъэзащ спортсменхэр зэхэгъэж ямыщIу зэпеуэхэм хагъэтыну.

«СПОРТЫР гугъэм и гъуазэу къэнэн хуейщ, ар зэхьэзэхуэ мамырым цIыхухэр щызэришалIэ щIыпIэу щытыпхъэщ, - жиIащ абы. - Зэпеуэхэм хэтыну хуитыныгъэ зиIэ дэтхэнэ спортсменми гупми, политикэ зэхущытыкIэхэм емылъытауэ, Iэмал етын хуейщ и зэфIэкIыр игъэлъэгъуэну. Си къэралыр щытыкIэ гугъу щитам санкцэхэр къыстефлъхьатэмэ, Олимп джэгухэм сыхэтыфынутэкъым, олимп медалхэри къэсхьынутэкъым. Сэ си гъуэгуанэр нэгъуэщIу щытынут, ауэ спортым си гъащIэр иригъэфIэкIуащ. Сэ абы щхьэкIэ фIыщIэ сощI икIи къэрал псоми я спортсменхэм зэхуэдэ Iэмалхэр яIэным махуэ къэс сыщIэбэнынущ».

Жэпуэгъуэ мазэм МОК-м спортымкIэ дунейпсо федерацэм хуигъэуващ Индонезием зэхьэзэхуэхэр щримыгъэкIуэкIыну, Израилым гимнастикэмкIэ и гупым къэралым зэрихьэну визэр зэрыхуимыщIам щхьэкIэ. Апхуэдэуи а зэгухьэныгъэм Индонезием и Лъэпкъ олимп комитетым 2036 гъэм а къэралым Олимп джэгухэр зэрыщыIэнум теухуауэ дригъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэхэр зэпигъэуащ.

ЩэкIуэгъуэм и 20, махуэку

♦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**
♦**Сабий дохутырым и дунейпсо махуэщ**
♦**1942 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ**.
♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и адыгэ къудамэм и унафэщIу щыта **ЩакIуэ Мусалий**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мерэтыкъуэ Хьисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 21, мэрем

♦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Сэлам зэхыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Бухгалтерым и махуэщ**
♦**1951 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъущ Анатолэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гунэфым и нэр къаплъэми, илъагъуркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Усыгъэр гъунапкъэхэм щхьэпрокI



Гъэ къэси хуэдэу, щэкIуэгъуэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIащ балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэр. Зи пщIэр Урысейм и гъунапкъэм куэд щIауэ щхьэдэха усакIуэм епха хъыбар гъэщIэгъуэн ди газетми иIэщ.

«МАХУЭКУ» къыдэкIыгъуэхэм я зым ди лэжьэгъу Шал Мухьэмэд и гукъэкIыжхэр къытеддзауэ щытащ. ЗэдзэкIакIуэу зэрылажьэм ипкъ иткIэ, зыхуэмыхьэзыр щытыкIэ гъэщIэгъуэн куэдым ихуэу зэрыщытам и зы щапхъэу, Мухьэмэд къытхуиIуэтэжауэ щытащ Ганди Индирэ СССР-м къэкIуауэ къыщыщыпсалъэм, Кулиевым и усэхэр къыхигъэхуауэ зэрыщытар. Ауэ, зэманышхуэ зэрыдэкIам къыхэкIыу, Мухьэмэд кIуэрыкIуэм тету зэридзэкIын хуей хъуа сатырхэр къыхуэгубзыгъыжатэкъым. Интернетым къыдит Iэмалхэр къыдгъэсэбэпри, инд премьер-министрым и урысей зекIуэм теухуа сатыр зыбжанэ къэдгъуэтащ, Кулиевым и сатырхэри яхэту. Сэбэпышхуэ къытхуэхъуащ а Iуэхугъуэм философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Эфендиев Сэлихь тетхыхьауэ зэрыщытари. «1976 гъэм Индие республикэм и премьер-министр Ганди Индирэ Мэзкуу ирагъэблэгъауэ, Кремлым къыщыпсэлъэн хуей щыхъуам щыгъуэ, къэралитIым я зэхуакум дэлъ зэхущытыкIэр мамырыгъэм тещIыхьауэ щытын хуейуэ къызэрилъытэ и гупсысэр щIигъэбыдэн папщIэ, Кулиев Къайсын и сатырхэр къиxьауэ щытащ, - етх Эфендиевым. - Ар «Зауэм щаутIыпщ шэ къэс зытехуар анэм и гурщ...» жыхуиIэ усэрт».

Кулиевымрэ Ганди Индирэрэ тIури 1917 гъэм, щэкIуэгъуэм дунейм къызэрытехьари гъэщIэгъуэнщ. Инд премьер-министрыр балъкъэр усакIуэм нэхърэ зэрынэхъыщIэр махуэ 19 къудейщ. Мы Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэу къыщIытщыхъур щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа, бзэ зыбжанэм хуэшэрыуэу щыта Ганди Индирэ бгырыс усакIуэм и усэхэм зэреджам и закъуэкъым. Кулиевым и усэхэр Монголием, Франджым, Германием, Югославием, Польшэм, Инджылызым, Индием, Японием, Чехословакием, нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIат, дэтхэнэ зыми я къэралыбзэмкIэ зэдзэкIауэ. Франджым къыщыдэкI газетхэм я зым итхырт: «Кулиев Къайсын и творчествэр дунейпсо хъугъуэфIыгъуэхэм яхыубжэну зыхуэфащэ шедеврщ. Ар ябгъурытщ Байрон, Пушкин, Мицкевич, Гарсиа Лоркэ сымэ хуэдэ усакIуэхэм».

Едзыгъуитl къудейщ зэрыхъур Кулиевым и усэу Ганди Индирэ и гупсысэхэм щIэгъэкъуэн яхуищIар, ауэ абыхэм я лъабжьэм щIэлъ къарур нобэ махуэ щIагъуэ дэмыкIыу догъэунэху.

ЦIыхубз щэIу макъ зыщIыпIэкIэ къоIукI,
Шынэ мыухыр уэрэдыпкъыу щIэту.
Анэпсэм зэхилъхьа гущIэкъу уэрэдым
щIым гузэвэгъуэу телъыр илыпщIынт.
Дэтхэнэ зауэми япэу щаутIыпша шэр
техуэнущ блэмыукIыу анэм и гум.
Хэт бийм текIуауэ къикIми и кIэн,
зыщIыпIэ щыхэщIынущ анэм и гур.

Ганди Индирэ мы усэм щыщу къызэджар етIуанэ едзыгъуэрт.

Эфендиев Сэлихь иджыри щыгъуазэ дещI УФ-м и Президент Путин Владимир 2008 гъэм СНГ-м щыщ къэралхэм я зэIущIэшхуэ щекIуэкIым щыгъуэ, Кулиевым и сатыр цIэрыIуэхэр игу къигъэкIыжауэ зэрыщытар:

ЦIыху зи цIэ псори тыншщ фIыуэ плъагъуну,
Ар пэжмэ, уи гъунэгъури лъагъуф.

«А псом къегъэлъагъуэ, - жеIэ Эфендиевым, - Кулиевым и сатырхэр философ жыIэгъуэ зэрыхъуар, дунейпсо цIыхубэм я гукъеуэхэр къызэриIэту щытам къыхэкIыу».

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм тхьэмахуэ ипэкIэ хъыбарегъащIэ зэбгритыкIащ, Мэзкуу дэт, Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым и «Художественнэ зэдзэкIыгъэхэр» къудамэм студентхэр къызэрищтэнум теухуауэ. Мы гъэм къэбэрдей адыгэбзэм кърахыурэ, тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыу ирагъэсэнухэр щагъэхьэзырыну къудамэм цIыхуи 5 - 7 щIагъэтIысхьэнущ, етIанэгъэ абы балъкъэрыбзэри къыхэхъуэнущ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я дежкIэ абы мыхьэншхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, Литинститутым 1978 гъэ лъандэрэ лъэпкъ литературэхэм папщIэ зэдзэкIакIуэхэр имыгъэхьэзырыжу къекIуэкIащ, - жиIащ а Iуэхум теухуауэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил.

«Лъэпкъ зэхущытыкIэмкIэ къэрал стратегиер 2036 пщIондэ» дэфтэрым и проектыщIэм мыхьэнэшхуэ щрат Урысейм щыпсэухэр хэкупсэу къагъэтэджыным. А мурадым лъэIэсын папщIэ, гулъытэ нэхъ хуащIынущ къэралым ис лъэпкъхэм я литературэ хъугъуэфIыгъуэхэр урысыбзэм кърагъэзэгъэным. Лъэпкъ щхьэхуэхэм ятеухуауэ зэхъуэкIыныгъэ щхьэпэхэр зыхалъхьа мы дэфтэрым щIэуэ къыхыхьахэм язщ иджы щIыналъэхэм хуитыныгъэ нэхъыбэ зэрыратым. Абы къыхэкIыу, хамэбзэ литературэм щыщ IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъыбзэхэм къигъэзэгъэн Iуэхуми гулъытэ нэхъыбэ игъуэтыну гугъэ щыIэщ.

Адыгейм и журналист щIэблэщIэр

Адыгэ Республикэм и «Журналистхэм я зэгухьэныгъэр» мы гъэм йолэжь «Лъэпкъ журналистикэм и еджапIэ» зыфIища проектым. Зэгухьэныгъэм и унафэщI ТIэш Светланэ и жэрдэмкIэ зэхаубла мы Iуэху гъэщIэгъуэным къызэщIеубыдэ Адыгейм щыщ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я школакIуэ нэхъыжьхэм ящыщу, журналист IэщIагъэм хэгъуэзэным гу хуэзыщIахэр.

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iуэхур кърахьэжьэну Iэмал къезытар Адыгейм лэжьыгъэмрэ цIыхубэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту, «Журналистхэм я зэгухьэныгъэм» къихьа грантырщ. Къэралым къыбгъэдэкIыу, проектым хухагъэкIащ сом мелуан 1,5-рэ. Зыхуэныкъуэну Iэмэпсымэхэмрэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэмрэ хьэзыр хъуа нэужь, фIыкIэ узыщыгугъ хъуну сабийхэм я хъупхъэхэх фокIадэм ирагъэкIуэкIащ.

«Дэ ди мурадыр ди ужь къиувэну IэщIагъэлIхэр дгъэхьэзырынырщ, - жиIащ АР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ТIэш Светланэ, лэжьыгъэр щаублэм. - Абы дытезыгъэгушхуари дигу къэзыгъэкIари анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ журналистхэр къызэрыдэмэщIэкIырщ. Абы къыхэкIыу, ди лэжьыгъэр зыхуэгъэзар адыгэбзэр фIыуэ зыщIэ, школыр къэзыух ныбжьыщIэхэрщ».

ЗэрыжаIам тету, журналист гупыр тхьэмахуэ къэс район хэхам щылажьэу, анэдэлъхубзэм нэхъ хуэшэрыуэ сабийхэр, адыгэ литературэмрэ бзэмкIэ олимпиадэхэм щытекIуахэр къыхашри, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм екIуэкI дерсхэр ирагъэкIуэкIын щIадзащ. ЗэIущIэ къэс интернетым зэрыщытепсэлъыхьыжым и фIыгъэкIэ, дэри Iэмал догъуэт проектым зэрызиужьым дыкIэлъыплъыну. Сабийхэр унэтIыныгъиплIкIэ ирагъаджэ: газетым, радиом, телевиденэм зэрыщылэжьэнумрэ блогер IэщIагъэмрэ. Газет Iуэхум ныбжьыщIэхэр хуезыгъаджэр «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэщ. НыбжьыщIэхэр щэнейрэ редакцэм екIуэлIакIэщ. Япэ кIуэгъуэм абыхэм редакцэмрэ абы щылажьэхэмрэ зрагъэцIыхуащ. ЕтIуанэ кIуэгъуэм я нэгу щIэкIар ятхыжащ, абы макъкIэ къеджэжащ. Ещанэ зэIущIэм ныбжьыщIэхэм къахуэзащ газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэрэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэрэ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнт ныбжьыщIэхэм куэдрэ зэхамых шэрджэс къудамэмкIэ закъыхуэзыгъэза Люсанэ абыхэм дунеищIэ къахузэрызэIуихар. «Сэ си лэжьэгъухэу «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» газетхэм щылажьэхэм сащепсалъэкIэ, дэмыхуIауэ псори къызгуроIуэ, фэри апхуэдабзэу фыхъунущ, нэхъыбэрэ бзэм и къудамэхэм фыхэсыхьыху. Си хъыджэбзыр Мейкъуапэ щоджэри, псэлъэн щIидзакIэщ фи къудамэмкIэ, уеблэмэ уэрэдхэр жеIэ», - жиIащ Люсанэ.

ЗэIущIэхэм я зым ныбжьыщIэхэр гупитIу щагуэшащ. Зыр мывэ сурэтыщI Даур Аслъэн и лъэщапIэм щыIащ. Абыхэм ятIэм хьэпшып къыхащIыкIыу зрагъэсэху, адрей гупыр Тхьэпщокъуэ Альберт зи унафэщI, республикэм и шыгъэжапIэм щыIэ «Шу Хасэм» щыхьэщIащ. Япэрейхэм хьэкъущыкъу зэращIым теухуа репортаж ягъэхьэзырыну къалэн щащIат, адрейхэр шу хуэIухуэщIэхэмрэ адыгэшымрэ трагъэпсэлъыхьащ. Журналист ныбжьыщIэхэм кIэпхын яIулъу ятIэ хьэкъущыкъухэр ягъэжынуи, шым тесынуи, шабзэ ягъэуэнуи Iэмал ягъуэтащ. Дэтхэнэ зыри илъагъум и лъэпкъыбзэмкIэ топсэлъыхьыж, телерепортаж егъэхьэзыр, упщIэ щхьэпэхэр зэхилъхьэфу зрегъасэ.

«Дэ IэщIагъэр едгъэцIыхуу аращ ныбжьыщIэхэм, - жеIэ Светланэ. - ДяпэкIэ абыхэм езыхэм ягъэхьэзыра материалхэр къытхуагъэхьу, хъыбарытх ныбжьыщIэхэм я гуп зэдгъэпэщыну ди мурадщ».

Журналистыр анэдэлъхубзэми хуэIэзэу щытын хуейкъэ? Аращ ныбжьыщIэхэр «Адыгэ хабзэ» зыфIаща гъэмахуэ лагерым щIашар. Адыгэбзэр зэрадж псалъалъэхэр зыгъэхьэзыр IуэхущIапIэхэри зрагъэлъэгъуащ абыхэм. КIэрашэм и цIэр зезыхьэ, Адыгейм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэм «Руфабгъуэ» щIыпIэм щызэхаша, бзэмкIэ дауэдапщэм и фIыгъэкIэ, сабийхэм я хэкупсэ гурыщIэхэри нэхъ къэхъеящ, цIыху цIэрыIуэхэр зрагъэцIыхуащ.

ЩэкIуэгъуэм и 9-м Адыгэ Республикэм и телевиденэм иригъэкIуэкIащ «Вечность» цIэмкIэ къацIыхуж» зыфIаща дауэдапщэр. «Лъэпкъ журналистикэм и еджапIэ» проектым хэт ныбжьыщIэхэр абы тележурналистхэм ябгъурыту хэтащ.

Телевиденэм щекIуэкI лэжьыгъэм сабийхэр хэзыгъэгъуазэр Адыгейм и ГТРК-м и журналист ГъукIэлI Сусаннэщ. Ацумыжь Iэдэм ахэр блогер IэщIагъэм ирегъасэ. НыбжьыщIэхэм иджыри къапэщылъщ ХьэщIэмыз Сусаннэ я гъусэу, радиожурналистикэм хэгъуэзэну. Иужьрей зэIущIэм журналист ныбжьыщIэхэм Ансокъуэ Иринэ и гъусэу Мейкъуапэ зыщаплъыхьащ. ЗекIуэзешэ (экскурсовод) IэщIагъэм хуеджэжа «Адыгэ макъым» и журналистым адыгэбзэкIэ экскурсиехэр ирегъэкIуэкI.

ЩIалэгъуалэм зэчий зыбгъэдэлъхэр къахэшын, журналист мыхъупэми, къызыхуигъэщIа IэщIагъэр нэхъ тыншу къегъэгъуэтын мурад дахэрщ зытещIыхьар мы проектыр. Ар къызэрырахьэжьэрэ, Адыгейм и журналистхэр гузэвэжыркъым, езыхэр тIысыжмэ, я пIэ къиувэн щIэблэ къащIэмыхъуэнкIэ.

Нэхъыфlхэм ящыщу къалъытащ

● Жылагъуэ

«Урысейм и бгылъэхэр» зи фIэщыгъэ IV лъэпкъ саугъэтым щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ я гъэфIэж пшыхьыр иджыблагъэ Мэзкуу щекIуэкIащ. УнэтIыныгъэ 24-рэ хъу зэпеуэм хэтащ къэралпсо икIи хэгъэгупсо мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэр. Зи кIэн къикIахэр гъэфIэжым нэсын папщIэ, пэIудзауэ е онлайн IэмалхэмкIэ цIыху мин 380-м щIигъум Iэ яIэтащ.

ПШЫХЬЫМ кърихьэлIащ къулыкъущIэхэр, бизнес IэнатIэм пэрытхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр. КъызэгъэпэщакIуэхэм мы илъэсым крикIуахэр къыщызэщIакъуэж зэпеуэм нэхъ зытрагъэщIар бгылъэ щIыпIэхэм ит зыгъэпсэхупIэхэмрэ курортхэмрэ я лэжьэкIэр къэхутэнырщ, щIэупщIэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм зэрыхуащIэр къэпщытэнырщ, зыхуагъэувыж къалэнхэм зэрыпэлъэщ щIыкIэр зэгъэщIэнырщ. Нэхъапэхэм цIыхухэр бгылъэхэм щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм щIымахуэм кIуэуэ щытамэ, иджы апхуэдэ Iэмалыр туризмэм епха бизнес IэнатIэхэм илъэс хъурейм кърииубыдэу къызэрагъэпэщ, зызыгъэпсэхуну е и нэгу зригъэужьыну бгым кIуэхэм Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр яIэщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм фIагъ куэд хэлъщ. Япэрауэ, илъэс псом цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрегъэпэщ, етIуанэрауэ, щIыналъэм и зыужьыныгъэм толажьэ, ещанэрауэ, щIыпIэм и цIэр утыкушхуэхэм щегъэIу, цIыхухэр крешалIэ.

Зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ наIуэ къэзыщIа цIыхубэ IэIэтыр горыроссии.рф напэкIуэцIым мазитIым и кIуэцIкIэ щекIуэкIащ. Мин бжыгъэкIэ цIыхухэр жыджэру зыхэта IэIэтым зи цIэ къыщраIуэнур къахуэмыщIэу, зы IуэхущIапIэр ипэ ищу, адрейр абы кIэлъыщIыхьэжрэ текIуэну къыпщигъэхъуу екIуэкIащ. «Урысейм и бгылъэхэр» Лъэпкъ саугъэтым и гъэфIэж пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэ Виноградов Илья зэрыжиIамкIэ, мы гъэм къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIынур къыпхуэмыщIэу гъэщIэгъуэну къыщIэкIащ, щэхупэгъаплъэу гъэпса хъуащ.

- ДыщогугфIыкI къыхэтлъхьа жэрдэмым къыкъуэувэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, гулъытэ зэригъуэтым. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Лъэпкъ саугъэтыр тыгъэ къудейуэ къызэрамылъытэжыр, ар туризм IэнатIэм унэтIыныгъэ щхьэхуэхэр зэкъуэзыгъэувэ, абы и зыужьыныгъэм телажьэ Iуэху хъуащ. IэIэтым къыхыхьэхэри кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Дызэрыт илъэсым пэIудзауэ едгъэкIуэкIа Iуэхум къыхыхьахэр процент 55-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм еплъытмэ. Дыщогугъ ди гукъэкIым и пщIэр щIэмыужьыхэну, щIыналъэхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса жэрдэмым щIэгъэкъуэн къыхуэхъухэм якIэрымыхуну, – жиIащ Виноградов Илья.

Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм епха и щIыпIитI «Урысейм и бгылъэхэр» лъэпкъ саугъэтым и унэтIыныгъитIым щытекIуащ. «Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и бгылъэ курорт нэхъыфI дыдэр» унэтIыныгъэм щытекIуащ зи гугъу дахэр дуней псом хэIуа «Iуащхьэмахуэ» бгылъэ курортыр. «Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и бгылъэ курортым и хьэщIэщ нэхъыфI дыдэ» цIэр хуагъэфэщащ Бахъсэныщхьэ тет, «Residence» зи фIэщыгъэ хьэщIэщым. Саугъэтхэр иратыжащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр. Апхуэдэу фIыщIэ тыгъэхэр хуагъэфэщащ «Кавказ.РФ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Гончаров Николай, «Residence» хьэщIэщым и унафэщI Жангуланов Ислъам сымэ.

- Кавказ Ищхъэрэр бгылъэ уардэхэм я щIыналъэщ, хьэщIагъэр зи лъым хэт лъэпкъхэм я щIыгущ. Лъахэм укъихьауэ и дунейр гукъинэж пщымыхъункIэ, щыпсэу цIыхухэм я нэгу зэIухахэр пщыгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым. Мыбдеж цIыхухэр зэгурыIуэу щопсэу, дыкъэзыухъуреихь дунейм и пшыналъэр ди гъащIэм щызетхьэ хабзэхэм ежьу яхуэхъуу щыIэныгъэр щрахьэкI. Урысейм и бгылъэ щIыпIэхэр къапщтэмэ, Кавказым и къуршхэр хэпщIыкIыу нэхъ лъагэщ, илъэс хъурейм кърииубыдэу зыгъэпсэхупIэхэмрэ хьэщIэщхэмрэ я бжэхэр хьэщIэхэм яхузэIухащ. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу языхэзми «нэхъыфI дыдэ» цIэ лъапIэр зэрыхуэфащэр. КъытхуэфщIа гулъытэр пщIэщ, ауэ ар икIи къалэнщ - нэхъыфIыжу дызэрылэжьапхъэр, цIыхухэм щхьэкIэ къыхэтлъхьэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я фIагъым нэхъри хэгъэхъуэн зэрыхуейр хьэкъ тщызыщI пщэрылъщ. Ди IэнатIэр едгъэфIэкIуэну фыдогъэгугъэ, фэ фыкъытхуеблагъэ, фыкъытхыхьэ, – жиIащ Быф Аскэр.

Гулъытэ къыхуэзыщIахэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъэгъазэм и 4 - 7-хэм щекIуэкIыну Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм псори иригъэблэгъащ.

«Урысейм и бгылъэхэр» лъэпкъ саугъэтым и къызэгъэпэщакIуэр «Бгылъэхэм лыжэкIэ къежэхыным пыщIа индустриемрэ туризмэм епха щIыналъэхэм заужьынымкIэ центрырщ». Абы къыхилъхьэ жэрдэмхэр гъащIэм хэпщэнымкIэ щIэгъэкъуэн хуохъу УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр.

ШУРДЫМ Динэ.

Къэухь IэрыщIымрэ цIыхум и акъылымрэ

ЖаIэр пэжмэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу, къэухь IэрыщIыр лэжьапIэхэм я проценти 9-м цIыхухэм я пIэ къыщиувэнурэ, IэщIагъэ мелуан 300-м нэс иригъэкIуэтэкIынущ.

ЕЗЫРЫЗЕКIУЭ такси защIэкIэ лажьэ фирмэхэр къэунэхуакIэщ. Апхуэдэхэм я зым машинэ мин 200-м нэс егъэлажьэ. ЦIыхухэм хьэпшып яхуезыгъэхь «Амазон» IуэхущIапIэм робот мин 700 къегъэсэбэп, псэ зыIут лэжьакIуэм нэхърэ нэхъыфIу хьэпшыпхэр зэбгригуэшыкIыу. Китайм я бензин игъэхъуапIэхэм цIыху щылэжьэжыркъым, къалэн псори роботым зэфIегъэкI. Шхын пщэфIыкIэ мелуани 5-м «щIэджыкIа» роботпщафIэм рестораным къекIуалIэхэр егъэтхъэж.

Роботхэм яIыгъщ кинокамерэхэр, фильмым и сценарийри зэхалъхьэ, езыхэми артистым хузэфIэмыкIын щIыпIэ шынагъуэхэм зыщыщхьэпрадз. Ток зезыгъакIуэ кIапсэхэр нэгъунэ ягъэлажьэ роботхэм, «ди улахуэр тхухэвгъахъуэ, пщIэншэу куэдыIуэ дывогъащIэ, сымаджапщIэ къыдэфт» жамыIэу.

Китайм щыIэ Пекин - Гонконг - Макао гъуэгушхуэу километри 158-рэ зи кIыхьагъыр щытралъхьэм, зы цIыху хэмытауэ жаIэ. Къэухь IэрыщIым проектыр зы сантиметркIэ щымыуэу зэхелъхьэ, езырылъатэхэмрэ роботхэмрэ Iуэхур зэфIагъэкI.

«Акъылым и лъапсэр гупсысэрщ», - жаIэ адыгэхэм. АтIэ гупсысэншэу зэфIэмыкI IэщIагъэхэр, псалъэм и хьэтыркIэ, тхыгъэ гъэхьэзырыным и Iуэхур дауэ къэухь IэрыщIым зэрезэгъыр? Дунейм щынэхъ къарууфIэ бзэшхуэхэм ирилажьэ журналистхэми тхакIуэхэми ар къызэрагъэщхьэпэр ябзыщIыжыркъым. Абыхэм яхимыубыдэхэр-щэ?

Бгъэунэхуам нэхърэ нэхъыфI щыIэкъым. Арати, телефоныр къэсщтэху, езыр-езыру жэуап къэлъыхъуапIэм къизэрыхь «Гигачат» жыхуаIэу, сыт хуэдэ упщIэми жэуап къезытыну сыкъэзыгъэгугъэм упщIэ изот: «Сыт адыгэхэр адыгэбзэкIэ щIэмыпсалъэр?» УпщIэр зэрыстхар, дауи, урысыбзэщ, зи цIэ къисIуари адыгэхэм я къэбэрдей къудамэрщ.

«Уи упщIэр пхэнжу бгъэуващ, - къысхуетх Гигачатым. - Къэбэрдей адыгэхэм я нэхъыбэр ипэжыпIэкIэ иропсалъэ я анэдэлъхубзэм, псом хуэмыдэу, нэхъыжьхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я къуажэхэм щыпсэухэмрэ. Ауэ зи хьэтыр плъагъупхъэ щхьэусыгъуи щыIэщ, лъэпкъым щыщ языныкъуэхэр нэхъыбэрэ урысыбзэкIэ щIэпсалъэр къыбгуригъаIуэу». КъызэрывгурыIуащи, си «псэлъэгъум» и жэуапхэр къызэрыкIуэр урысыбзэщ, мыбдежым ахэр адыгэбзэкIэ щызэздзэкIыжауэ аращ.

КIэщIкIэ узэмыджэну жэуапым адыгэхэр адыгэбзэкIэ щIэмыпсалъэ щхьэусыгъуитхур кърииIуэрт. 1) Тхыдэ щхьэусыгъуэ: урысыбзэм нэхъ зыщиужьащ щIыналъэм, екIуэкIа бзэ политикэм ипкъ иткIэ. 2) Экономикэ щхьэусыгъуэ: IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр зэрыпсалъэр урысыбзэщи, ар умыщIэмэ, ущылэжьэфынукъым. 3) Экономикэ: къалэшхуэхэм зэрыщыпсэум къыхэкIыу, адыгэхэм бзэ нэхъ лъэрызехьэхэр къатокIуэри, адрейхэм яхошыпсыхь. 4) ЩIэныгъэ: иджырей школхэми еджапIэ нэхъыщхьэхэми щIэныгъэ зэрыщратыр урысыбзэщи, щIалэгъуалэм ар япэ ирагъэщ. 5) Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэрызэлъэмыIэсыжыр: щIалэгъуалэм къежьэр нэхъ я фIэщIэщыгъуэщи, бзэр хъумэным гулъытэшхуэ хуащIыркъым.

«Иужьрей зэманым адыгэбзэр зрагъэщIэным хущIэкъухэр нэхъыбэ мэхъу», - жэуапыр щиухым, къэухь IэрыщIым си гур фIы схуищIыну зыщигъэгъупщакъым.

Зэрыфлъагъуэщи, псэ зыIумыт Iэмэпсымэм интернетым илъ псори зэщIикъуэри, кIэщIу Iуэхур зыIутыр утыку кърилъхьауэ аращ. Жэуапыр апхуэдизкIэ сфIэгъэщIэгъуэн хъуати, иджыри зы упщIэ естащ: «Адыгэбзэ пщIэрэ?» Зэрыстхар адыгэбзэт.

«Адыгэбзэр адыгэхэм, къэбэрдейхэри яхэту, я анэдэлъхубзэщ, - къызет жэуап. - Адыгеибзэр зэбгъэщIэну ухуейуэ арамэ, къызэупщI, сыбдэIэпыкъунщ». «Адыгэ» псалъэр урысыбзэкIэ «Адыгей» мыхьэнэм нэхъ зэрепхарщ апхуэдэу щIэхъуар, къызэрызгурыIуамкIэ.

ИтIанэ си упщIэр урысыбзэкIэ зызодзэкI: «Уэ езыр урипсалъэрэ адыгэбзэм?»

«Сэ урысыбзэкIэ фIэкIа сыпсалъэркъым, - къызет жэуап. – Ауэ жыIэгъуэ щхьэхуэхэр пхузэздзэкIыфынущ, е адыгеибзэм и грамматикэмрэ и лексикэмрэ къыбгурызгъэIуэфынущ. Адыгеибзэр зэбгъэщIэну ухуеймэ, укъимыкIуэту абы теухуа упщIэ къызэт».

Зэрыфлъагъуэщи, ди бзэр дызэрыхуейм хуэдэу лъэрызехьэкъым жытIэ щхьэкIэ, ягъэунэхун щIадза къудей IэмалыщIэхэр нэхъ «жьажьэу» къызэрытщтэм, а тфIэкIуэду къытфIэщIыр къызэтригъэнэнкIи мэхъу. Компьютер программэхэр зыгъэлэжьэф ди IэщIагъэлIхэм телефон къэс тет Алисэ-уэршэрэгъур адыгэбзэкIэ къагъэпсэлъэным егугъу хуэдэу хъыбар зэхэтхащи, утыку къыщрахьэнум дыпоплъэ.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Гектар мин 30-р я плъапIэщ

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэмрэ зэхэту щIыуэ гектар мин 28-рэ щаIыгъщ нобэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Абы щыщу гектар мин 23-м щIигъур иратащ Iуву зэкIэщIэсауэ къагъэхъу иджырей пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэм.

АБЫХЭМ гулъытэ нэхъыбэ щIратыр адрейхэм елъытауэ пхъэщхьэмыщхьэр нэхъ псынщIэу къатын зэрыщIадзэмрэ къыпачыжым и куэдагъыр хуэдиплIкIэ зэрынэхъыбэмрэщ. Къыхэдгъэщынщи, къэралым и щIыналъэхэм иджырей жыг хадэхэр зэрыщагъэтIысым и псынщIагъымкIэ ди республикэр нэхъыфIищым яхэтщ.

Апхуэдэуи, иджырей жыгыщIэхэр зэрыхасэным щIыр хуагъэхьэзыру, жьы хъуахэр дэнэ щIыпIэкIи къыщратхъыж. Мурад щыIэщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэмрэ зэхэту республикэм щыхухах щIым и куэдагъыр 2030 гъэм ирихьэлIэу гектар мин 30-м нагъэсыну.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу ди щIыналъэм къыщрахьэлIэжащ псори зэхэту тонн зы мелуаным щIигъу. Абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 30,7-кIэ нэхъыбэщ ар икIи ди къэралым и щIыналъэхэм зэгъусэу а илъэсым кърахьэлIэжам и процент 25-рэ мэхъу. Жыг хадэгъэкIхэм зэрыжаIэмкIэ, мы гъэр нэхъыкIэу щытын хуейкъым.

Иджыпсту республикэм пхъэщхьэмыщхьэ кIасэр къыщыпачыж.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Адыгагъэр зепхьэну гугъукъым

Адыгэм тхыбзэ щимыIа зэманми, джэгуакIуэхэр иIащ, къалэн ин ягъэзащIэу. Ахэр лъэпкъым и тхыдэтхт, хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ яIэту, къэрабгъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ ауан ящIу. Ди зэманми джэгуакIуэхэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм пэрытщ, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр екIуу екIуэкIыным, лъэпкъ хабзэр хъума хъуным хуэсакъыу. Джэдгъэф Беслъэн абыхэм язщ.

КхъуейплъыжькIэрыщIэ хабзэр къэзыгъэщIэрэщIэжа щIалэм и цIэр ди хэгъуэгум щызэхэзымыха щыIэу къыщIэкIынкъым. Ди хьэщIэщым къыщыщIыхьэм, абы занщIэу жиIащ: «Ди унагъуэм куэд щIауэ «Адыгэ псалъэ» газетыр къытIэрохьэ». Ар гуапэ мыхъункIэ Iэмал иIакъым. Беслъэн зыпэрыт Iуэхур игурэ и псэрэ къызэрыбгъэдэкIыр нэрылъагъущ. Абы и Iуэху еплъыкIэм, лъэпкъым теухуа и гурыгъу-гурыщIэхэм нобэ фыщыдогъэгъуазэ.

- КхъуейплъыжькIэрыщIэр адыгэ лъэпкъым и гъащIэм къыхэгъэхьэжын зэрыхуейм сытыт уезыгъэгупсысар, Беслъэн?

- Хэкупсэ, лъэпкъыпсэ ухъуныр езыр-езыру къэхъу Iуэхугъуэкъым. ЦIыхум щапхъэ иIэн хуейщ, къызыхэкIа лъэпкъым ифI, къыдалъхуа бзэм и дахагъэр иригъэлъагъуу. Сэ, си насып кърихьэкIри, щапхъэ схуэхъун куэд срихьэлIащ. Ауэ псоми нэхъ къахэзгъэщу сиIар дунейм ехыжа си адэшхуэ, усакIуэ, тхакIуэ, уэрэдус Джэдгъэф Хъусенщ. Абы ещхь сыхъужауэ нобэ къыщызжаIэ щыIэщи, ар си дежкIэ пщIэшхуэщ. Шэч зыхэмылъраши, си адэшхуэм и дуней лъагъукIэр сэри дэсIыгът.

- Апхуэдэ цIыху Iущым и ущием укъыщIэтэджыкIыныр пэжу куэд и уасэт. Сыт хуэдэ гукъэкIыжхэр уиIэ уи адэшхуэм епхауэ?

- Ахэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, Iуэхугъуэ щхьэхуэу узытепсэлъыхьыпхъэу къыщIэкIынщ. Ауэ мы зыр къыхэзгъэщынт - си адэшхуэр дуней еплъыкIэ гъэщIэгъуэн зиIэ цIыху телъыджэу зэрыщытым, жылэдэсым абы нэхъ лейуэ пщIэ, нэмыс къызэрыхуащIым сыщыцIыкIум гу лъызмытэнкIэ Iэмал иIатэкъым. Адыгэм ди щыIэкIэ-псэукIэм ехьэлIауэ куэдкIэ сызыдэплъеяр, щапхъэрэ лъабжьэрэ схуэхъуар арaщ.

- КхъуейплъыжькIэрыщIэ хабзэр бгъэлъэгъуэн щыщIэбдзагъащIэм зыхуэбгъэувыжа мурадхэр занщIэу къохъулIа? ЦIыхухэм дауэ къащыхъуат?

- Ар езыр-езыру, ахъшэ къэлэжьын гупсыси симыIэу, си пщэ къыдэхуа Iуэхуу жыпIэ хъунущ. Мис мыпхуэдэ махуэу езгъэжьат жысIэу, ар къысхуэгубзыгъыжыну къыщIэкIынкъым - къэзмыщIэурэ джэгуакIуэ сыхъуат. Зыгуэрым я гуфIэгъуэ яхудэсхыну зыкъысхуигъэзэххэмэ, сэ сыхьэзырт, а Iуэхур сфIэгъэщIэгъуэнти. Апхуэдэ лъэIухэр нэхъыбэ щыхъум, сегупсысащ адыгэм и хабзэ нэхъ дахэхэм ящыщ кхъуейплъыжькIэрыщIэр иджырей зэманым дэхуэха зэрыхъуам. АрщхьэкIэ ар къызэгъэпэщыным гугъуехь куэд пыщIауэ къыщIэкIащ: гуфIэгъуэ зэхыхьэр щекIуэкIыну унагъуэм пкъохэр къехьэлIэн, сэххэр щыхэтIэн хуей хъурт.

Иджырей зэманым мэзым пхъашэ кIуэфын лIы куэди бгъуэтынукъым (псоми хуэIэпщIэлъапщIэу жыхуэсIэщ). Бгъуэтми, иджыпсту зыми зэман лей иIэкъым - псори IэнатIэ зырыз Iутщ. Япэм унагъуэм ис цIыхухъум лъапсэр зыхуэныкъуэу хъуар зэригъэпэщыжыфынут, цIыхубзми сыт хуэдэ къалэнри къищтэфырт. Иджы апхуэдэкъым. Зы Iуэху гуэрым и пIалъэр ямыщIэрэ, е къатехьэлъэрэ, лэжьакIуэхэр кърадджэри, абы яхуэзфIегъэкI. А псор щIыжысIэрaщи, кхъуейплъыжькIэрыщIэр ди зэманым къегъэзэгъын зэрыхуейм куэдрэ сегупсысащ, зэхъуэкIыныгъэ куэди зэрыхэлъхьапхъэр къызгурыIуат. Iуэху мыублэ блэ хэсщ жыхуаIэрати, дауэ хъуми иужь сихьащ.

- Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэт ахэр, Беслъэн?

- Зи гугъу сщIыр, нэхъ ипэкIэ зэи щымыIауэ, кхъуейплъыжькIэрыщIэр къызэрызэрагъэпэщ Iэмэпсымэхэр щIым хэтIэн хуэмейуэ, дэнэ дежи бгъэув хъууэ, узыхуей щIыпIэм пшэрэ абдеж щызэпкърыплъхьэ-щызэпкърыпхыжу зэрысщIаращ. Арыншамэ, иджыпсту сыт хуэдэ пщIантIэми мывэ илъщ, зы пкъои пхухэтIэнукъым. Апхуэдэуи сабийхэм я шынагъуэншагъэм гулъытэ щхьэхуэ хузощI: лъагапIэм дэкIуейхэм шыныбэпхыу тIу яIэщ, кIапсэр зыгуэркIэ яIэщIэцIэфтми, къызэремыхуэхыным хуэдэу.

Ауэрэ езы хабзэм и егъэкIуэкIыкIэри иджырей зэманым къызэрегъэзэгъын хуейр къызгурыIуащ. ЗэрыфщIэщи, нобэ цIыхум и гулъытэр къэпхьэхуну гугъу хъуащ. Интернетым псори исщи, я нэгу зезыгъэужьын видеощ нэхъыбэм къалъыхъуэр. Пасэ зэманым кхъуейплъыжькIэрыщIэр зэращIу щытам теухуа видео гуэрхэм сеплъати, абыкIэ иджыпсту ебгъэкIуэкIмэ, цIыхур къыпхудэхьэхынукъым. ЖысIэнураши, макъамэри нэгъуэщI Iэмалхэри щIыбгъуурэ кхъуейплъыжькIэрыщIэм и егъэкIуэкIыкIэм «шоу» къыхэщIыкIын хуей хъуащ.

ДэнэкIэ плъэи, псори абы хуэкIуащ. Псалъэм папщIэ, шхапIэ къудей щIыхьэ - абдежи ерыскъыр къызэрыпхуахь щIыкIэр «шоу» ящI. Апхуэдэу гу зылъыстэхэр хэтпщэурэ, мы Iуэхур зэредгъэкIуэкIым зедгъэужьащ. Япэм зэрыдэпщей кIапсэм дагъэжь фIыуэ зыщIрагъэфу щытащ. Сэри нэхъапэм апхуэдэ щысхуэу езгъэжьати, дыздэ-

щыIа унагъуэ гуэрым лей къытехьауэ щыслъагъум - лъэгуми дэнэкIи а дагъэр имыкIыжыну инат - иужькIэ нэгъуэщI зыгуэрхэр зэхэсщIэу щIэздзащ, щыгъыныр имыуфIейуэ. Апхуэдэурэ Iуэхум и пIалъэр згъэнаIуэм-згъэунахуэурэ, иджырей зэманым ар нэхъ къезгъэзэгъащ.

- Езы хабзэм и купщIэм щыщ гуэр кIуэдакъэ?

- Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кхъуейплъыжькIэрыщIэм егъэкIуэкIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIащ. 1990 гъэхэм а зэпеуэм щытекIуэхэм тыгъэ лъапIэхэр - шы, машинэ - ирату щIадзат.

- Иджыпсту-щэ, сыт нэхъ лъапIэ дыдэу ятыр?

- Сэ, пэжыр жысIэнщи, саугъэт лъапIэхэм - унэ, машинэ хуэдэхэр ятыным срителъхьэкъым. Апхуэдэу щрагъэлеипэм деж зэрыхъукIэ къагурызгъэIуэну сыхэтщ ар къызэремызэгъыр. ЗыхузэфIэкI унагъуэ куэдым сыщыIащи, хэбгъэзыхьмэ, фэтэр тыгъэ папщIэу ятыну гупыж зыщIахэри щыIащ. Зым и гуфIэгъуэр щхьэусыгъуэ гуэркIэ екIуэкIакъым, адрейхэр си еплъыкIэм къытехуэжащ.

- Саугъэт лъапIэхэр яту щIадзэмэ, апхуэдэ мылъку зыбгъэдэмылъхэм, укIытэм къыхэкIыу, кхъуейплъыжькIэрыщIэ ящIыжынукъым жыпIэу ара?

- Ари хэлъщ. ИтIанэ, адыгэм ди хабзэр зыгъэдахэ Iуэхугъуэкъым егъэлеиныгъэр. Ар щыжысIэкIэ, хэти къызодаIуэ, си еплъыкIэм къытемыхуи щыIэщ.

Нэхъ ипэкIэ укъызэупщIат, мы хабзэм и купщIэ гуэр кIуэдакъэ, жыпIэри. Пасэм кхъуей плъыжьым щIыгъуу, зи насып къэкIуэгъуэ пщащэхэм я щэкI кIапэхэри фIрагъащIэу щытащ лъагапIэм. ЩIалэр кIапсэкIэ дэпщеифрэ кхъуейм едзакъэмэ, апхуэдэ зы щэкIи къыпичырти, къыздрихьэхырт. «Мыр хэт зейр?» - жаIэу щыщIэупщIэм, хъыджэбзым щIалэр игу ирихьамэ, езым зыкъримыгъащIэу, и ныбжьэгъухэм ар зейр щэхуу хуаIуатэрт. АдэкIэ хуитт хъыджэбзыр зригъэцIыхуну. Ауэ хъыджэбзым и щэкI кIапIэр зыIэрыхьа щауэр игу иримыхьарэ, зиущэхужырт. Абы щыгъуэм щIалэр хуитт езым и гум къыдыхьэ хъыджэбзым абыкIэ хуэупсэну. Адрейм ар Iимыхыну хуитыжтэкъым - щэкI кIапэр лIыгъэкIэ къихьэхуат.

Апхуэдэу цIыху хэтыкIэм, зыIыгъыкIэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэм IуэхукIэ хуагъасэу щытащ ди япэ итахэм. Иджырей зэманым, зэрыщытам хуэдэ дыдэу едмыгъэкIуэкIми, кхъуейплъыжькIэрыщIэр къыщызэIутхкIэ, а зи гугъу сщIа Iуэхур къэфакIуэ хъыджэбз цIыкIухэм дахэу утыку кърахьэ - я щэкI кIапэхэр фIедгъалъхьэурэ, а хабзэм и мыхьэнэм къызэхуэсахэм дахутопсэлъыхь. Мы Iуэхугъуэр спорт зэхьэзэхуэ къудейуэ ди нобэм къэдгъанэ хъунукъым, пасэрей хабзэм и Iыхьэ нэхъ мащIэ дыдэрами, абы хэтпщэну, тхъумэну ди къалэнщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди республикэм къищынэмыщIа, мы Iуэхур яхуедгъэкIуэкIыну щIэхъуэпсу дыздрамыгъэблэгъа щыIэжу къыщIэкIынкъым: Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Осетие Ищхъэрэми (мэздэгу адыгэхэм я деж), Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэми дыкIуащ. Ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэрал псом и щэнхабзэм къыхэцIуукIыфыну дыщэ кIанэ цIыкIуу къызолъытэ кхъуейплъыжькIэрыщIэр.

- Беслъэн, сыщыуэми сщIэркъым, ауэ кхъуейм и пIэкIэ мэжаджи кIэращIэу щыта си гугъэщ.

- «КхъуейплъыжькIэрыщIэ», «МэжаджэкIэрыщIэ» - тIум щыгъуэми зы Iуэхугъуэм и фIэщыгъэу арaщ. ГуфIэгъуэ махуэр щагъэлъапIэкIэ, хабзэм ипкъ иткIэ кIэращIэ ерыскъым елъытауэ еджэу арат. Зыгуэрым кхъуей фIилъхьэнкIэ хъунт, адрейм мэжаджэ е нэгъуэщI.

- Лъэпкъыу дыкъызэтенэн щхьэкIэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къадэкIуэу, анэдэлъхубзэми хуэфащэ гулъытэ хуэтщIыпхъэщ, дауи.

- Лъэпкъым ехьэлIауэ дгъэзэщIэн хуей къалэн псори догъэзащIэ жысIэркъым, ауэ адыгэм: «ЗылI щымыкуэд щIыпIэ щыIэкъым», - жиIэгъащ. Абы къикIыр: сэ схузэфIэкI мащIэр сщIэмэ, нэгъуэщIым хузэфIэкIыр ищIэмэ, лъэпкъым хуэфащэ пщIэ игъуэтынущ. Щапхъэ зытепхын гуэр нобэ бгъэлъагъумэ, абы адрейхэри ирикIуэнущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къызыгурымыIуи зыхэзымыщIыкIи иджыпсту щыIэщ. Ауэ, сэ унагъуэ куэдым сыдэтащи, я зэхущытыкIэм, зэкIэлъыкIуэкIэм, зэрахьэ хабзэм уи гур хэзыгъэхъуэни хэлъщ. Иджыщ лъэпкъыр нэхъ «дыкъыщыушыжыр» жысIэу, согупсыс. Иджыпсту бзэр яIэщIохуу жыхуаIэм дыщытепсэлъыхькIэ, абыкIэ зым и закъуэ бгъэкъуаншэ хъуну къэслъытэркъым. Апхуэдэ къыщыхъуакIэ, абы лъабжьи иIэщ. Псалъэм папщIэ, мылъку зэгъэгъуэтыным дихьэхам щогъупщэ аркъудейм узэрыримыпсэуфынумрэ лъэпкъ фIыгъуэхэм я мыхьэнэмрэ. Шэч хэмылъу, ар щыуагъэшхуэщ.

- Иужьрей зэманым лъэпкъ зэхыхьэхэр зэраублэжар фIым ущызыгъэгугъщ. Уэ апхуэдэхэри зэребгъэкIуэкIым дыщыгъуазэщ.

- Зэманым зихъуэжыху, цIыхум и гупсысэми, Iуэху щIэкIэми абы зыдехъуэж. Лъэпкъ зэхуэс зиIэну хуейхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ, мыпхуэдэу жысIэнщ: жыгышхуэр къэгъэгъэн ипэ, ар щIым къыхэкIын хуейкъэ?! НтIэ, мис а жыгым и лъабжьэр къежьауэ арaщ. КхъуейплъыжькIэрыщIэм и гугъу пщIымэ, абы и жыг къудамэхэр зэрыубыдауэ жыпIэ хъунущ.

Лъэпкъ зэхыхьэхэр къыщызэдгъэпэщкIэ, хьэгъуэлIыгъуэм ещхьу сыхьэт зытIущ зэхэсрэ зэбгрыкIыжу щымыту, я лъэпкъ тхыдэр зыхузогъэхьэсыж. КъищынэмыщIауэ, лъэпкъ жыг зимыIэхэм ейр зэфIэгъэувэжынымкIи дадоIэпыкъу. Лъэпкъ къэс къыдекIуэкI хабзэ гуэр иIэщи, ахэр хъума хъун щхьэкIэ, нобэ дымытхыжу хъунукъым. Узэрыгушхуэнщ, етIуанэу, ещанэу зэхыхьэ зыщI лъэпкъ щхьэхуэхэр дызэриIэр. Ауэ зыкъысхуэзыгъазэм я нэхъыбапIэм зэи дызэхыхьакъым жаIэу апхуэдэщ. Iуэху хьэлъэтэкъым ар илъэс бжыгъэ гуэрым зэ нэхъ мыхъуми ебгъэкIуэкIыну. Мы лэжьыгъэр сэ си закъуэкIэ зэфIэкIыну къэслъытэркъым, иджыри куэд къытпэщылъщ.

- Мы Iуэхухэр къэптIэщIыху, уэ езым уи хьэл-щэнкIи зыуигъэхъуэж къыщIэкIынщ. Нэхъ адыгэгу ухъуу...

- ЗэрыжаIэу, нэхъыбэ къэпщIэху, нэхъыбэж зэрумыщIэр къыбощIэ. Зыгуэр къызэрохъулIами зы лъэныкъуэкIэ урогушхуэ, шэч хэмылъу. Уи IуэхущIафэкIэ нэхъыбэм укъаціыхуху, уи пщэм дэлъ къалэнри нэхъыбэ мэхъу, жэуаплыныгъэр зыхыбощIэ. Иджыпсту куэд щызыгъэауэ зы псалъэжь сигу къэкIыжащ: «Уэркъыгъэр дэгъэзеигъуэ задэщ, уэркъыгъэр гугъущ» жыхуиIэр. Абы къытрахри, «Адыгагъэр дэгъэзеигъуэ задэщ» жаIэу хуежьащ. Абы къикIыр хабзэ пхэлъыныр гугъущ жиIэу арaщ, къемызэгъщ. Адыгагъэр зепхьэну гугъукъым, ар лъэпкъым щыщ дэтхэнэми ди къалэну арaщ. ЩIэблэм анэдэлъхубзэ едгъащIэмэ, адыгэ гупсысэкIэ иIэу къэдгъэхъумэ, и IуэхущIафэкIэ пщIэ къилэжьыжыфу тхуегъасэмэ, адыгагъэ хъужыр арaщ. Абы дытетмэ, дытыншынущ.

- ИлъэсипщI-тIощI хуэдэ дэкIмэ, ди лъэпкъыр зыхуэдэну къыпщыхъумрэ узыщIэхъуэпсымрэ дыщыбгъэгъуэзэн?

- Иджыпсту гугъуехь дыпэщIэхуауэ къытщыхъу щхьэкIэ, ди лъэпкъыр къызыпхыкIахэм, зыхэта гугъуехьхэмрэ къызэла Iуэхугъуэхэмрэ дыхуеплъэкIыжмэ, нобэ зы гукъеуи дыщIэгузэвэн щхьэусыгъуи зэрыщымыIэр гурыIуэгъуэ хъунущ. ЦIыху щIэныгъэншэр гъэгужьеигъуафIэщ, гъэгужьеигъуафIэр лIыгъэншэщ, лIыгъэншэр шынэкъэрабгъэщи - мис ахэрaщ дызэгупсысын хуейр. Ди щIэныгъэм хэдгъэхъуэн, ди тхыдэр тщIэн хуейщ. Зи блэкIар зымыщIэж лъэпкъыр нэгъуэщIым дэплъейуэ мэхъу. Ди къэкIуэнур зи Iэмыщiэ илъыр дэ езыраш.

- Беслъэн, зы Iуэхугъуэм и гугъу дымыщIу къысхуэгъэнэнукъым. Уэ зяужь уит Iуэху дахэхэр ИнтернетымкIи богъэлъагъуэ, ди лъэпкъэгъухэр хабзэм дыбогъэхьэх. Ауэ иджыпсту нэгъуэщI зы гупми гу лъыттэ хъуащ. «Дыблогерщ» жаIэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мыхьэнэ щIагъуэ зимыIэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьу ди лъэпкъэгъу куэд Интернетым исщ.

- Iуэхум фIыуэ хэпщIыкIыу, акъыл къызыхахын бгъэхьэзырыныр тыншкъым. Ириуэршэрыну, мыхъумыщIагъэр ягъэхъыбарыжыну Интернетым куэд къыпхуидзэнущ. Ар дуней псом зызэрихъуэжам и зы Iыхьэ гуэру къызолъытэ, а дунейм дэри дыщыщщ. Ди цIыхур нобэ зыхуэдэр къэтщIэну дыхуеймэ, сэбэп хъунумрэ мыхьэнэншэмрэ еплъ-едаIуэхэм я бжыгъэм куэд къыбжиIэнущ.

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Шэшэн сурэтыщIым и гупсысэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэIуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм гъуазджэмкIэ галерее хэтым щокIуэкI «ГъащIэм и бэуэкIэр» гъэлъэгъуэныгъэр. Налшык япэу утыку къыщрахьащ шэшэн сурэтыщI Яхиханов Рустам и IэдакъэщIэкIхэр.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ къызэщIеубыдэ сурэт 25-рэ, графикэ лэжьыгъэу 15, инсталляцэ зыбжанэ. Художникым и IэдакъэщIэкIхэр триухуащ пасэрей кхъуэщынхэм, хьэкъущыкъухэм, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэм, макъамэ Iэмэпсымэхэм, Кавказ Ищхъэрэм къыщыкI хьэцэпэцэм. Дэтхэнэ зы лэжьыгъэми тхыдэ гъэщIэгъуэн къыдокIуэкI. Псом хуэмыдэу пасэрей кхъуэщынхэмрэ хьэкъущыкъухэмрэ ухашэж адэшхуэ-анэшхуэм я дунейм. КъыжыIапхъэщ, а лэжьыгъэхэм щэху куэд зэрахъумэри.

- Мы кхъуэщынхэмрэ унагъуэхэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ илъэс пщIы бжыгъэкIэ зэхуэсхьэсащ. Нэгъуэщ щIыналъэхэм сыщыкIуэкIэ бэзэрхэм е цIыху щхьэхуэхэм я деж къыщысщэхуащ. Тхыдэри плъыфэри зэщIэзыша хьэпшыпхэр куэд щIауэ си Iэпэгъущ, - жеIэ Яхиханов Рустам. - ЦIыхухэм, щIыуэпсым я теплъэхэр си лэжьыгъэхэм куэду къыщызгъэлъэгъуащ. Иужьым мурад сщIащ кхъуэщынхэм гулъытэ нэхъ яхуэсщIыну. КъызэхъулIамэ, си гуапэщ. Iуэхум щIэщыгъуэ гуэрхэри къыпэкIуащ. Псалъэм папщIэ, сызыгъэгузавэ Iуэхухэр хьэпшыпхэм кърызгъэлъагъуэ хъуащ. Апхуэдэщ нэхъыжьхэм къытхуагъэна щIэинхэр дыхуэсакъыу тхъумэн зэрыхуейр.

СурэтыщIым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ и гупсысэхэр лэжьыгъэхэмкIэ цIыхухэм я деж нихьэсыным. Езыр-езыру гъуазджэм дихьэххэм я акъылыр абы хуэкIуэм фIыщ, ауэ гу лъыботэ языныкъуэ лэжьыгъэхэм тхыгъэ гуэдзэнхэр зэращIигъужам. Художникым жиIэну зыхуей дыдэр а тхыгъэхэм къыщымыхьами, гупсысэр абы хуеунэтI. Языныкъуэхэр псалъэ лей хуэныкъуэкъым, адрейхэм гъуазджэм и курыхыр зыхащIэнымкIэ ар щхьэпэ яхуохъу. А псалъэхэр къыбгъэдэкIащ искусствовед, Яхиханов Рустам и выставкэхэм сыт щыгъуи кIэлъыплъ Никитинэ Полинэ.

Художникым языныкъуэ кхъуэщынхэр цIыхухэм хуэдэу къегъэлъагъуэ. Къапщтэмэ, и зы кхъуэщын триухуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Нурадилов Ханпаши. СурэтыщIым и инсталляцэхэм щыболъагъу щIакIуэр, и адэшхуэм и башымрэ нэмэз щыгъэмрэ. Кавказым зыщрихьэлIа кхъуэщынхэм къадэкIуэу, гъэлъэгъуэныгъэм хигъэхьащ Дубай, Тыркум и Кападокие щIыпIэм щилъэгъуахэм ящыщхэр. Кхъуэщынхэр я плъыфэкIи, ныбжькIи, инагъ-цIыкIуагъкIи зэщхьэщокI. И зы сурэтым къыщигъэлъэгъуа къуэщынхэм щIыр явэ. Яхихановым Шэшэным щIы къэпитI кърищат, и хадэм кърихри. Абы нартыху щыхасащ. «Псапэ» инсталляцэм щыщт нартыхур. Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIа дэтхэнэми Iэмал иIащ нартыху Iэбжьыб къищтэу къуалэбзухэр игъэшхэну е абы щыщ хисэну.

Яхиханов Рустам, Шэшэнымрэ Урысеймрэ къадэкIуэу, и зэфIэкIхэмкIэ хамэ къэралхэми къыщацIыхуащ. Графикэмрэ живописымрэ я унэтIыныгъэ псоми ар хуэIэзэщ. Санкт-Петербург ХудожествэхэмкIэ и академие Репин Илья и цIэр зезыхьэр къиухри абы игъэзэжауэ тхылъ графикэмкIэ и факультетым щрегъаджэ. Художникым и лэжьыгъэхэм и пщIэр къалъытащ, дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. И IэдакъэщIэкIхэр музейхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ яхъумэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр щэкIуэгъуэм и кIэ пщIондэ щыIэнущи, «деплъарэт» жызыIэм иджыри зэман фиIэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къалащхьэм и уэрам тыншхэр

КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2026 гъэм гъуэгу лэжьыгъэшхуэхэр щекIуэкIынущ Налшык къалэм автомашинэ куэд щызекIуэ, щызэтрихьэ хабзэ Тэрчокъуэм, Байсултановым, Къэрэшейм, Руставелим, ПащIэм, Пушкиным, Мэзлом я цIэхэр зезыхьэхэм, Калининградскэ уэрамым. Псори зэхэту ахэр километр 11-м щIигъу мэхъу.

МЫ гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI е щызэфIагъэкIащ республикэм и къалащхьэм и уэрам нэхъ инхэм ящыщхэу Головком, КIыщокъуэм, Нэгумэм, Щорсым я цIэхэр зезыхьэхэми. Абыхэм псори зэхэту километри 9-м щIигъу я кIыхьагъщ.

А псом нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъибгъум я объекту 9-м гъуэгу лэжьыгъэхэр иджыпсту щрагъэкIуэкI. А районхэм зэIузэпэщ щащI гъуэгухэми псори зэхэту километр 12-м щIигъу я кIыхьагъщ, лъэс лъагъуэхэр щаукъуэдий щIыпIэхэмрэ уэздыгъэхэр щыпадзэмрэ - километри 8,5-рэ.

Республикэм и объект 11-м гъуэгу лэжьыгъэхэр нобэкIэ щызэфIэкIащ, иджыри 4-м ахэр и кIэм щынэблэгъащ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ абыхэм къыщагъэсэбэп технологиехэр, ухуэныгъэ материалхэр, халхьэ пкъыгъуэхэр, я фIагъхэр щыIэ мардэхэм зэрыхуэкIуэр КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и къудамэм къепщытэ махуэ къэс. Ар хуэунэтIащ гъуэгущIэ яухуэхэмрэ къагъэщIэрэщIэжхэмрэ илъэс куэдкIэ зекIуэн хуэдэу, фIагъ лъагэхэр яIэным, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, напысыншагъэр щыгъэмэщIэным.

НАУРЫЗ Ислъам.

КIэртIофыр яхуобагъуэ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту къатIыжащ кIэртIофу тонн мини 150,4-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 4,4-кIэ нэхъыбэщ ар.

ЗЫ гектар къэс кIэртIофу центнер 221,4-рэ къытекIащ. Мыбдежми, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам ебгъапщэмэ, проценти 5,4-кIэ ар нэхъыбэщ. Зэрыхабзэу, кIэртIофыр нэхъыбэу зыщIэр унагъуэхэрщ. Псори зэхэту республикэм къыщатIыжам и тонн мини 146,5-р абыхэм къалъос. Тонн мини 4 иримыкъур мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту ейщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Iэщыжымрэ Къаншокъуэмрэ токIуэ

● БэнэкIэ хуит

Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым махуищкIэ щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

Ар и фэеплъу щытащ балъкъэрхэм я литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, узэщIакIуэ Мечиев Кязим. Зэпеуэм хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 30-м я бэнакIуэ 500-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 16-м щIимыгъуауэ.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым абы кърихьэлIащ усакIуэ цIэрыIуэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къэрал къулыкъущIэхэр, депутатхэр, спортым и лэжьакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Iэщыж Мухьэмэдрэ Къаншокъуэ Дамиррэ.

ЕтIуанэ хъуащ Дол Мансур. Нэгъуей Дамир, Щад Темырлан, Мизиев Iэдэм, ПщыхьэщIэ Темырлан, Мэшыкъуэ Идар сымэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Ди бэнакIуэхэм я тренерхэр Накуэ Iэниуар, Шагъыр Аскэр, БжэныкIэ Ислъам, Нэхущ Руслан, Гуэщокъуэ Мурат, Арахъэ Ибрэхьим сымэщ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Iэмал ягъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр яIэту УФ-м бэнэкIэ хуитымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ етIанэгъэ екIуэкIыну зэпеуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2500

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ДыщэкI Соня** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**..

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.